**WO’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI’ XALI’Q BİLİMLENDİRİW MİNSTİRLİGİ**

**A’JİNİYaZ ATI’NDAG’I’ NO’KİS MA’MLEKETLİK PEDAGOGİKALI’Q İNSTİTU’TI’**

**PEDAGOGİKA FAKUL`TETİ**

**«Pedagogika ha`m psixologiya» ta’lim bag`darı pitirıwshısı**

***Tajimuratova Malika Axmedovnanın`***

# PITKERIW QA’NI’GELI’K JUMI’SI’

**TEMA: Wo’spirim jasi’ndag’i’ oqi’wshi’lardi` wo’zlikti an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwdin’ u’si’llari’**

İlimiy basshi’: docent R.Nurjanova

Kafedra basli’g’i’: docent Sh.Saparov

No’kis-2015 ji’l

# M A Z M U N I’

**KİRİSİW** ...………………………………………………………….…..3-6

**I BAP. WO’ZLİGİN AN’LAW HA’M WO’Z-WO’ZİN BASQARI’WG’A U’YRETİWDİN’ SOTSİAL - PEDAGOGİKALI’Q MASHQALASI’**…………7

1.1. Wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwdin’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri……………………………………………………………..7-17

1.2. Woqi’wshi’lardi’ wo’zligin an’lawg’a ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiw jollari’…..………………………………………………………………..18-28

1.3. Woqi’wshi’lardi’ wo’z-wo’zin an’lawg’a u’yretiwdin’ ishki faktorlari’ ha’m de pedagogikali’q sha’rt-sha’riyatlari’……………………………………...29-34

**II BAP. WO’SPİRİM JASTAG’I’ WOQI’’WShI’’LARDI’’ WO’ZLİGİN AN’LAW HA’M WO’Z-WO’ZİN BASQARI’WG’A U’YRETİWDİN’ FORMA, USI’L HA’M METODLARI’** ……………………………………...35

2.1. Sabaq processinde – wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwdin’ tiykarg’i’ basqi’shlari’…...………………………………………..35-40

2.2. Klastan ti’s ta’lim-ta’rbiya processinde wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lardi’n’ wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiw usi’llari’…………41-46

2.3. Wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lardi’ wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwde shan’araq, mektep ha’m ja’ma’a’ttin’ birligi……….47-53

**Juwmaq**……………………………………………………………….54-55

**A’debiyatlar** ………………………………………………………….56-58

# KİRİSİW

**Temani'n' aktualli'g'i':** Rawajlani'wda, reformalar ma'na'wiyatsi'z bolmaydi'. İnsan sanasi' barli'q reformalar worayi' boli'p, ja'miyet, sotsial-ekonomikali'q, ma'deniy wo'mirdi wo'zgertiw menen bir qatarda wo'zi de wo'zgerip baradi', jan'a tu'rmi'sqa maslasadi' ha'm woni'n' keleshegin belgileydi. Xali'qti'n' ma'na'wiy ru'wxi'n bekkemlew ha'm rawajlandi'ri'w Wo'zbekstanda ma'mleket ha'm ja'miyettin' yen' a'hmiyetli wazi'ypasi' boli'p yesaplanadi'.

Wo'tken a'sirdin' 80-ji'llari'nan-aq ma'mlekette milliy wo'zligin an'law processinde wo'zgerisler bolg'an edi. Wo'zligin an'law g'a'rezsizlikke umti'li'w degen boli'p yesaplanadi'. Bul milliy wo'zligin an'law processi boli'p, milliy g'a'rezsizlik ideasi' ha'm ha'reketin ju'zege keltirdi. Bul processtin' siyasiy miyweleri 1989-ji'lda wo'zbek tilin ma'mleketlik til dep ja'riyalawi', 1990-ji'lda yeski sovet awqamlas Respublikalari' arasi'nda birinshi boli'p basqari'w institu'ti'nin' ashi'li'wi', Wo'zbekstanni'n' ma'mleketlik suvereniteti dekloratsiyasi'n qabi'l etiliwide payda boldi'. Ma'na'wiyatsi'z bolg'an ha'r qanday waqi'ya jaqsi'li'qqa ali'p kelmeydi. Soni' jaqsi' an'lag'an Wo'zbekstan Respublikasi' hu'kimeti ha'm Prezidenti ja'miyet aldi'na yen' a'hmiyetli wazi'ypalardan biri si'pati'nda ma'na'wiy-ruwxi'y tikleniw, jas a'wladqa milliy wo'zligin toli'q an'lati'p jetkeriw wazi'ypasi'n qoydi'. Milliy qa'driyatlardi' tiklew ha'm milliy wo'zligin an'law babi'nda Wo'zbekstan Respublikasi'nda bir qatar isler a'melge asi'ri'ldi'. Bul boyi'nsha A'mir Temur, İmam al-Buxariy, at-Termiziy, Bahauddin Naqshbandiy, Xoja Axmed Yassawiy ha'm basqa ko'plep ulli' insanlardi'n' ulli' atlari'nin' tikleniwi jas a'wladlari'mi'z ushi'n u'lgi ha'm maqtani'shi'mi'z boli'p xi'zmet etpekte.

Wo'zbekstan Respulikasi' Prezidentinin' arnawli' qarari' menen «Ma'na'wiy ha'm ag'arti'wshi'li'q» ja'miyetshilik orayi'ni'n' sho'lkemlestiriliwi, shan'araqlar ken'esi tiykari' bolg'an ma'ka'n ken'eslerine ken' imkaniyatlar jarati'p beriliwi jamg'armalari'ni'n', ko'plep ma'mleket ha'm

ja’miyet birlespelerinin’ sho’lkemlestiriliwi, milliy wo’zligin an’lap jetiw processinde ma’mlekettin’ ha’r bir puxarasi’ qatnasi’wi’n ta’miynlew, ma’na’wiy bay ha’m ku’shli ja’miyetti payda yetiwge qarati’lg’an pikirimizdin’ da’liyli bola aladi’. A’ne sonday sharayatta bilimlendiriw sistemasi’ aldi’na ma’na’wiyatli’ joqari’ ha’r ta’repleme barkamal a’wladti’ ta’rbiyalap jetistiriw maqseti belgilep qoyi’ldi’.

1997-ji’lda qabi’l etilgen Wo’zbekstan Respublikasi’ni’n’ «Bilimlendiriw haqqi’nda»g’i’ ni’zami’, Kadrlar tayarlaw miliy da’stu’ri mine sol wazi’ypani’ wori’nlawg’a qarati’lg’an hu’jjetler boli’p yesaplanadi’.

Milliy g’a’rezsizlik ideologiyasi’ tiykari’nda ta’lim-ta’rbiya da’stu’rleri, sabaqli’qlar, qollanbalar jarati’ldi’ ha’m jarati’lmaqta, bir qatar koncepciyalar islep shi’g’i’li’p, bilimlendiriw a’maliyati’na usi’ni’lmaqta.

Ma’mleketimiz g’a’rezsizlikke yeriskennen son’, bu’l mashqalalar ja’nede ko’birek ku’shti talap ete basladi’ ha’m pedagogika pa’ninin’ wo’z sheshimin ku’tken ma’selelerinen biri si’pati’nda payda boldi’.

**İzertlewdin’ maqseti:** wo’spirimlerdi wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiw.

**İzertlewdin’ obekti:** wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lardi’ wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiw processi.

**İzertlewdin’ predmeti:** wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lardi’n’ wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwdin’ mazmuni’, formasi’, qurali’, usi’li’, metodi’ ha’m pedagogikali’q faktorlari’.

**İzertlewdin’ wazi’ypalari’:**

- mashqalag`a tiyisli ilimiy-pedagogikalıq, metodikalıq a`debiyatlardı u`yreniw ha`m analiz etiw;
- wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lardi’n’ wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’w pedagogikali’q mashqala ekenin u’yretiw;

▪ wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lardi’n’ wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwdin’ mazmuni’, formasi’, qurali’, usi’li’ ha’m metodlari’n ani’qlaw;

▪ wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lardi’n’ wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwdin’ social-pedagogikali’q faktorlari’n ani’qlaw;

▪ erkin pikirley alatug’i’n, wo’zin an’lap jetken, wo’z ideyali’na, arzi’wi’na, maqsetine iye, wo’mirde, adamlar arasi’nda wo’z worni’ (diniy ha’m ji’nayi’ ag’i’mlar ta’sirine tu’sip qalmaytu’g’i’n) ha’m a’dep-ikramli’q normalari’n erkin basqara alatu’g’i’n shaxsti’ ta’rbiyalaw.

**İzertlew metodlari’:** sali’sti’rmali’, analiz, sa’wbet, soraw-juwap, baqlaw.

**İzertlew na’tiyjelerinin’ ilimiy jaqtan jan’ali’q da’rejesi:**

- mashqalag’a tiyisli ilmiy-pedagogikaliq, metodikaliq a’debiyatlar u’yrenildi ha’m analiz yetildi;

▪ wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lardi’n’ wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’w pedagogikali’q mashqala yekenligi u’yretildi;

▪ wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lardi’n’ wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwdin’ mazmuni’, formasi’, qurali’, usi’li’ ha’m metodlari’ ani’qlandi;

▪ wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lardi’n’ wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwdin’ social-pedagogikali’q faktorlari’ ani’qlandi’;

▪ erkin pikirley alatug’i’n, wo’zin an’lap jetken, wo’z ideyali’na, arzi’wi’na, maqsetine iye, wo’mirde, adamlar arasi’nda wo’z orni’ (diniy ha’m ji’nayi’ ag’i’mlar ta’sirine tu’sip qalmaytu’g’i’n) ha’m a’dep-ikramli’q normalari’n yerkin basqara alatu’g’i’n shaxsti’ ta’rbiyalaw u’shi’n sha’rt-sharayatlar jarataldi’.

**İzertlewdin’ metodologiyali’q tiykarlari’:**

Wo’zbekstan Respublikasi’ni’n’ «Bilimlendiriw haqqi’nda»g’i’ ni’zami’, Kadrlar tayarlaw milliy da’stu’ri, «2004-2009 ji’llarda mektep ta’limin

rawajlandi'ri'w ma'mleketlik uli'wma milliy da'stu'ri», Ma'mleket ta'lim standarti' Wo'zbekstan Respublikasi' Prezidentinin' so'zi ha'm dokladlari'.

# I BAP WO’ZLİGİN AN’LAW HA’M WO’Z-WO’ZİN BASQARI’WG’A U’YRETİWDİN’ SOCİAL-PEDAGOGİKALI’Q MASHQALASI’

## 1.1. Wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwdin’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri

Xalqti’n’ ma’na’wiy-ru’wxi’y tikleniwi, du’nyadag’i’ rawajlang’an ma’mleketler qatari’nda wori’n ali’wi’ ko’p ta’repten ha’m tiykari’nan xali’qti’n’ wo’zi, wo’sip kiyati’rg’an jas a’wladti’n’ milliy wo’zligin an’lawi’, ma’deniy-siyasiy jetiskenlikke yerisiwi ha’m wo’z ta’g’dirin belgilew belsendiligine baylani’sli’ boladi’.

Bunday sharayatta ma’mleket ha’m ja’miyettin’ wo’sip kiyati’rg’an jas a’wlad aldi’na qoyatug’i’n talaplari’, ta’lim processin wolar tiykari’nda sho’lkemlestiriwdi talap yetedi. Jas a’wladti’n’ reformalasti’ri’li’wi’nda woni’n’ ma’na’wiy jaqtan qa’lipleskenligi, wo’zligin an’lawi’ ha’m wo’z-wo’zin ja’miyet a’dep-ikramli’li’q normalari’ a’tirapi’nda basqara ali’wi’nan ibarat boladi’. Ma’na’wiyat-shaxsiy motivler sistemasi’ndag’i’ yeki tiykarg’i’ biliwdin’ ideal za’ru’rligi ha’m «basqalar u’shi’n» jasaw, ha’reket yetiw, shaxsti’n’ social ha’mde wo’zine ta’nligine ko’re payda bola ali’wi’n ta’riypleydi. Ma’na’wiyat tu’sinigi menen shaxsti’n’ wo’zi, materialli’q barli’q, wo’mirdin’ mazmun-ma’nisin biliwge bolg’an za’ru’rligi menen baylani’sli’. İnsan wo’zin an’lawg’a qanshelli ko’p umti’lsa, wol ma’na’wiy jaqtan sonsheli qa’liplesken boladi’. İnsan xi’zmetinin’ ja’miyet ushi’n paydali’li’g’i’ woni’n’ ku’ndelik ha’reketlerinde ani’q ko’rinedi.

Qorshag’an wortali’qti’ biliw na’tiyjesinde payda bolatu’g’i’n qanaatlani’w, wori’nlang’an isten ko’n’il toli’wi’, insan ushi’n si’yli’q bolsa, hu’jdan azabi’, gu’nakar sezim jaza boladi’. Biliw xi’zmetinin’ paydali’ maqsetlerinen biri, basqalarg’a shi’n kewilden jardem berilgen islerdin’ social

maqullawg’a za’ru’rsizligi ma’na’wiyatti’n’ ma’deniyati’ joqari’ bolg’an reforamalardi’n’ kerekli faktori’ dep yesaplasaq boladi’.

Yag’ni’y, ma’na’wiyat insan ha’m ja’miyet, soni’n’ menen birge du’nya reformalari’ni’n’ tiykari’ boli’p tabi’ladi’. Ma’na’wiyat qa’liplesiwinin’ tiykari’ bolsa wo’zligin ha’m du’n`ya tu’rmi’s mazmuni’n biliw, keyin bolsa an’law arqali’ ja’miyet ha’m turmi’sta qoyi’latu’g’i’n talaplar, normalar, wo’z hu’jdan a’mirine mas ra’wishte wo’z-wo’zinin’ a’dep-ikramli’g’i’n basqari’wda payda boladi’. Bunnan sonday na’tiyje shi’g’ari’w mu’mkin, wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’w shaxs ha’m ja’miyet progresin bekkemleniwinin’ bas kriteriyasi’, tiykarg’i’ faktori’ boli’wi’, ma’na’wiy kamalatqa yerisiwden ibarat boladi’.

Wo’zligin bilmegen, an’lamag’an insan wo’z-wo’zin basqara ali’w, basqari’wg’a a’zzi, ja’miyet, tu’rmi’s talaplari’ ha’m normalari’na boysi’ni’w imkaniyati’nan ajraladi’, biz wonday shaxslardi’ ma’na’wiyatsi’z dewge tiykari’mi’z bar.

Wo’zbekstan Respublikasi’ Prezidenti İ.Karimov aytqani’nday, «Ha’r bir insanni’n’, a`sirese, yendi g’ana wo’mirge qa’dem qoyg’an jaslardi’n’ sanasi’na sonday pikirdi sin’diriw kerek, wortag’a qoyi’lg’an maqsetlerge yerisiw wo’zlerine baylani’sli’ yekenligin, yag’ni’y bul na’rse wolardi’n’ g’ayratli’g’i’na baylani’sli’ yekenligin an’lap jetiwleri sha’rt. Tap sol na’rse ma’mleketimiz ha’m xalqi’mi’z rawajlani’wi’ni’n’ tiykarg’i’ sha’rti»[3].

Sonday yeken, jaslardi’ ma’na’wiyatli’, ar-nami’sli’, ha’r ta’repleme wo’zligin biliw, an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a qay da’rejede u’yrete ali’wi’mi’zg’a, wolardi’n’ ru’wxi’y, ma’na’wiy du’nyasi’n bayi’ti’wi’mi’zg’a baylani’sli’.

Bunnan sonday na’tiyje shi’g’ari’w mu’mkin, ma’na’wiyatli’ insandi’ ta’rbiyalaw-ja’miyettin’ talabi’ ha’m za’ru’rligi boli’p yesaplanadi’. Ja’miyet progressi shaxsti’n’ bekkemleniwin belgileydi.

Wo’zligin an’lawdi’n’ aktiv rawajlani’wi’ni’n’ bir neshshe tiykarg’i’ social faktorlari’ bar.

1. Adamzat evolyutsiyasi’ ha’m tariyxi’nda sa’wlelengen. Adam wo’zin qorshap turg’an ta’biyat penen ha’rdayi’m baylani’sta boladi’. Zamanago’y biologiya, antropologiya, ekologiyada ashi’lg’an jan’ali’qlar adamni’n’ wo’zligin an’lawi’n ilimiy da’rejede qa’liplestiredi. İnsan tiri organizmler rawajlani’wi’na, biosferag’a, planetani’n’ barli’g’i’na wo’zinin’ ta’sirin barg’an sayi’n aktiv wo’tkizbekte. İnsan du’nyani’ wo’zgerter yeken, woni’n’ wo’zi de wo’zgerip baradi’. Bul wo’zgerisler bolsa an’lani’p, maqsetke bag’darlani’p bari’lmaqta.

2. Social-siyasiy tarawdag’i’ wo’zgerisler, ma’mleketimizdin’ g’a’rezsizlikke yerisiwi, jan’a social jag’day-bazar ekonomikasi’ qatnasi’qlari’na wo’tiw menen baylani’sli’. Bu’gin ja’miyet u’lken ha’m jan’a wo’zgerislerdi basi’nan keshirmekte, bular wo’z nawbetinde jan’a ma’na’wiy ko’riniske iye bolg’an shaxslardi’n’ qa’liplesiwin talap yetpekte.

Ja’miyet shaxsqa payda boli’p ati’rg’an jan’a mu’na’sibetler ha’m wol ba’nt bolg’an miynettin’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri arqali’ ta’sir ko’rsetedi. Wo’zgerip barati’rg’an social jag’day insan ruwxi’yati’na tuwri’dan-tuwri’ ta’sir ko’rsetpeydi, da’wir ha’m social mu’na’sibetler wolar miynetine qaray wo’zgeredi.

Jan’a social mu’na’sibetlerge wo’tiw, turmi’s normalari’, insani’y mu’na’sibetlerdin’ ha’r tu’rli jan’alani’w processindegi ruwxi’y mu’na’sibetler, qarama-qarsi’li’qlar quramali’ jag’daylardi’n’ ko’beyiwine ali’p kelmekte. Social qarama-qarsi’li’qlar jedellesip, shaxsti’n’ bul processke maslasi’wi’ bir neshe qi’yi’nshi’li’qlardi’ payda yetpekte. Bunday qi’yi’nshi’li’qlardi’n’ bolmawi’n ta’lim-ta’rbiya processinde jog’alti’wg’a ha’reket yetpekte.

Sol na’rsege ayri’qsha itibar beriw kerek, xalqi’mi’z sanasi’na uzaq wo’tmishtegi hu’kimranli’q ji’llari’ dawami’nda sin’dirilgen ideya ha’m ko’z-qaraslardi’ joq yetiw za’ru’riyatqa aylanbaqta. Yeski du’zimnen qalg’an ideya

ha’m ko’z-qaraslar Wo’zbekstan milliy g’a’rezsizliginin’ dushpanlari’ ushi’n ideyali’q azi’q bazasi’ boli’p xi’zmet yetedi. A’ne sonday tiykarsi’z, qa’lbeki ha’m jalg’an sarqi’tlardan biri social ten’lik, ja’ma’a’t ruwxi’yati’ ha’m ideologiyasi’ boli’p yesaplanadi’. Ja’miyetimiz ag’zalari’ni’n’ ha’r biri bul jalg’an ha’m qa’lbeki ideyadan qa’nsheli tezirek quti’li’p keta alsa, ja’miyet tu’rmi’si’ni’n’ jan’alani’wi’ tezlesedi. Bul bolsa, rawajlani’p ati’rg’an bazar ekonomikasi’ mu’na’siybetlerin bekkemleniwine ja’rdem beredi. Bazar ekonomikasi’ mu’na’siybetlerinin’ ni’zamlari’ qatan’ ha’m ma’jbu’r boli’p tabi’ladi’.

Jan’a sharayatda ha’r bir insanni’n’ taqdiri, pa’rawanli’g’i’ a’weli woni’n’ kasiplik sheberligi, ma’na’wiy bayli’g’i’, rawajalani’p ati’rg’an bazar ekonomikasi’ mu’na’sibetlerine baylani’sli’ boladi’. Ko’n’line kelgen ha’r qanday isti isley beriwge bazar ekonomikasi’ mu’na’sibetleri jol bermeydi. Wol ha’r bir insandi’ si’nawdan wo’tkizedi. Sol sebepten de ma’na’wiy-ruwxi’y jetilisiw, tikleniw ma’selesi bu’gingi ku’nnin’ yen’ tiykarg’i’ mashqalasi’ boladi’. Soni’ na’zerde tuti’w kerek, jaslar tez qabi’l yetiwshen’ligi ha’m jan’ali’qti’ seziwleri menen jan’a sharayatlarg’a tez maslasadi’, yeresekler bolsa bunnan xabardar boladi’. Bazi’bir ma’na’wiy ko’z-qaraslar boyi’nsha jaslar ha’m kekseler arasi’nda qarama-qarsi’li’qlar payda bolmaqta.

Biraq sonday insanlar da bar, wolarda jan’ali’qti’ tez an’law sezimi saqlanip qaladi’. Ayri’m jaslarda wo’z ten’-qorlari’na sali’sti’rg’anda bularda joqari’ tu’sinikler boli’p, wo’mirinin’ aqi’ri’na shekem saqlani’p qaladi’. Wolarda sonday tez wo’zlestirip ali’wshi’ insanlar menen baylani’sqa kirisiw qi’zi’g’arli’ boladi’. Demek, turmi’sta insanlardi’n’ ruwxi’y-social reformalar da’rejesin tezlestiriw lazi’m.

Ma’na’wiy reformalardi’ tezlestiriw yeki bag’darda a’melge asi’ri’ladi’: a) ha’r dayi’m wo’zbetinshe bilim ali’w ha’m wo’z-wo’zin bekkemlew; b) ziyrekligin a’melde qollaw ha’m kamal tapti’ri’w arqali’, nege adam wo’z ziyrekligi toparlarda yag’ni’y toparlarg’a qarag’anda ha’miyshe tezirek

rawajlandi’ri’wg’a ha’reket yetedi, bunda ruwxi’y belsendiliktin’ joqari’ da’rejesi saqlap qali’nadi’. Joqari’ ma’na’wiyatqa umti’li’w, ma’na’wiy-ruwxi’y azi’qlani’wdi’n’ uli’wma ko’rinisi, ishki ha’m si’rtqi’ ko’rinisinen ibarat.

Joqari’da ayti’lg’an pikirlerdi uli’wmalasti’rg’an halda ayti’w mu’mkin, shaxs ma’na’wiyati’ni’n’ wo’zegi ha’m woni’n’ a’melde payda boli’wi’n wo’zligin an’law, biliw ha’m wo’z-wo’zin a’dep-ikramli’q normalari’ a’tirapi’nda basqari’wda ko’riw mu’mkin. Soni’n’ ushi’n biz to’mende wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwdin’ bazi’ bir ta’replerin ko’rip shi’g’ami’z.

Wo’zligin an’lawdi’n’ rawajlani’wi’ wo’spirimlik (12-14 jas) ha’m birinshi balag’at jasi’nda (15-16 jas) ju’da’ ani’q payda boladi’. Bul da’wirlerde wo’zligin an’lawdi’n’ rawajlani’wi’ to’mendegishe keshedi: 12-14 jaslarda wo’spirimde wo’zinin’ ishki du’nyasi’na qi’zi’g’i’wshi’li’q woyanadi’, keyin wo’zligin biliw quramalasi’p ha’m teren’lesip baradi’, sol payi’tda wo’zligin an’lawdi’n’ differentsiallasi’wi’ ha’m uli’wmalasi’wi’ ku’sheyedi. Bul bolsa, wo’z na’wbetinde, birinshi balag’at jasi’nda wo’zinin’ ani’q shaxs yekenligi haqqi’ndag’i’ woy pikirdin’ payda boli’wi’na ali’p keledi. Mine sonday eleslew tiykari’nda 16-18 jaslarda «wo’zligin belgilew» atamasi’ menen ju’ritiliwshi jan’a jeke shaxs ju’zege keledi. Subektti’n’ wo’zligin an’lawi’ ko’z-qarasi’nan bul shaxs wo’zin ja’miyet ag’zasi’ si’pati’nda an’law menen xarakterlenedi ha’m jan’a social a’hmiyetli basqi’shlarda ani’qlanadi’. Wo’zligin an’law ha’r qanday ruwxi’y ha’diyse si’yaqli’ wo’zinin’ u’sh aji’ralmas ta’repi: kognitiv (wo’zligin biliw), emmotsional-sezim (wo’zine mu’na’siybet) ha’m regu’lyator (ta’rtiplewshi-basqari’w) birligin wo’zinde birlestiredi.

Wo’spirimlik da’wirin reflektiv (wo’zligin biliw) ha’m integrativ processlerdin’ rawajlani’wi’ ha’m teren’lesiwi da’wiri si’pati’nda xarakterlew mu’mkin. Biraq, bu’l pikirdin’ a’hmiyetin aydi’nlasti’ri’w birqansha qi’yi’n. Bizin’she bu’l jag’day yeki tiykarg’i’ sebep penen baylani’sli’. Birinshiden,

wo'zimizde ha'm shet yelde de wo'spirimler wo'zligin an'lawdi'n' kognitiv bag'darlari'n analiz etiwge qarati'lg'an. Woni'n' basqa bag'darlari'na bir qansha kem itibar berilgenligi sebepli, wo'zligin an'law processinin' ani'qli'g'i' haqqi'ndag'i' biliw da'rejesi toli'q yemes.

Shaxsti'n' usi' da'wirdegi reformasi' ni'zamli'qlari'n tu'sinip jetiw ushi'n ani'q ko'rinis payda yetiw za'ru'r, tek sonday ko'rinis tiykari'nda g'ana individti'n' si'pat wo'zgerisleri, ruwxi'y ilgerlewin qanday tu'sinip ati'rg'an, qabi'l yetip ati'rg'an ha'm keshirip ati'rg'anli'g'i'n ani'qlaw mu'mkin.

Wo'zligin an'law ha'm wo'z-wo'zin basqari'wg'a u'yretiw pedagogikali'q ko'z-qarastan derlik u'yrenilmegen. Sol sebepli bul mashqalani'n' jumi'si'mi'zg'a baylani'sli' ta'repleri haqqi'nda toqtali'p wo'tiw maqsetke mu'wapi'q boladi'.

Biz jumi'si'mi'zda «wo'zi haqqi'ndag'i' tu'sinik», «wo'zine mu'na'sibet», «wo'z-wo'zin bahalaw» atamalari'nan wo'zligin an'lawdi'n' tu'rleri, tiykarg'i' bo'limleri si'pati'nda paydalandi'q. Bu'l atamalar ko'birek wo'z-wo'zin an'lawdi'n' jaqsi' ta'replerin ta'riypleydi. «Wo'zligin biliw», «reflektsiya», «wo'zi haqqi'nda tu'sinik» atamalari' bolsa, wo'zligin an'lawdi'n' kognitiv bag'dari'n ta'riypleydi. Soni'n' u'shi'n bul atamalardan da biz wo'zligin an'lawdi'n' tu'rleri, tiykarg'i' bo'limlerin bayan yetiwde paydalandi'q. «Men obrazi'» atamasi'na biz wo'zligin an'lawdi'n' u'sh ta'repi (kognitiv, sezim, regu'lyator) aji'ralmas xi'zmettin' «ju'wmaqlawshi' na'tiyjesi» dep qaradi'q.

Wo'zligin an'lawda kognitiv bag'dar hal yetiwshi a'hmiyet kasip yetiwin yesapqa alg'an halda, izertlewimiz predmeti yesaplang'an wo'z-wo'zin an'law ha'm wo'z-wo'zin basqari'w arasi'ndag'i' wo'zligin biliwdin' ayi'ri'm baylani'sti'ri'wshi' tu'rleri, ta'repleri boyi'nsha toqtali'p wo'tpekshimiz.

Wo'zligin an'law wo'zligin biliw ha'm wo'z-wo'zin bahalaw faktori' boli'p tabi'ladi'. Wo'z-wo'zin ta'rbiyalaw wo'zin sanali' ra'wishte basqari'wdi' wo'z ishine aladi'. Bul wo'zligin biliwdi quraydi'. Wo'zligin biliw wo'zligin an'lawdi' qa'liplestiredi. Wo'zligin an'lawdi'n' bekkemleniwi menen insanni'n'

wo’zi haqqi’ndag’i’ tu’sinigi, woni’n’ xi’zmeti na’tiyjeleri, ja’ma’a’ttin’ ha’m ja’miyettin’ wog’an qoyatug’i’n talaplari’na baylani’sli’ ta’rizde wo’zgerip baradi’. Bunda wo’zligin an’lawdi’n’ qa’lipleskenlik da’rejesi tiykarg’i’ ko’rsetkishi wo’z-wo’zin adalatli’ bahalaw boli’p tabi’ladi’.

Pedagog ha’mde psixolog ali’mlar wo’zligin an’lawdi’ belgilewde, insanni’n’ wo’z-wo’zin social mu’na’sibetler sistemasi’nda an’lawi’n bildiriwshi psixo-pedagogikali’q kategoriya si’pati’nda tu’siniwden kelip shi’g’adi’. Sonda wo’zligin an’law is-ha’reketlerin analiz yetiw ha’m bahalaw, a’dep-ikramli’qtag’i’ jaqsi’ ha’m jaman ta’replerin tabi’wg’a imkan beredi, na’tiyjede wo’z-wo’zin adalatli’ bahalaw u’shi’n sha’rayat jaratadi’.

U’lken wo’spirim jasi’nda wo’zligin an’law si’pati’ da’rejesi wo’zgeredi. Bul jasta wo’z ishki du’nyasi’n analiz etiw, wo’zligin sistemali’ biliw, tu’rli xi’zmette wo’z-wo’zin baqlaw imkaniyati’ bar. Yeger kishi wo’spirim jasi’nda ja’ma’a’tshilik pikir qarar yetiwshi a’hmiyetke iye bolsa, u’lken jastag’i’ wo’spirimler wo’zinin’ ha’m basqalar shaxsi’n bahalawda si’rtqi’ kritikag’a sali’sti’rg’anda wo’z pikirine iye. U’lken jastag’i’ wo’spirimlerde wo’zi ha’m basqalarg’a sali’sti’rmali’ tu’rde, wo’z shaxsi’n ha’r ta’repleme bahalaydi’ ha’m qa’liplestiredi.

Wo’zligin biliw wo’zligin an’lawdi’n’ biliw ta’repi si’pati’nda wo’zin shaxs si’pati’nda tu’siniw menen baylani’sli’ boladi’. Wol wo’zine wo’z-wo’zin baqlaw, analiz yetiw, kritikalaw ha’m bahalawdi’ kiritedi. Wolardi’n’ barli’g’i’ birgelikte insanni’n’ wo’zine shaxs si’pati’nda adalatli’ minezleme beriwshi wo’zine ta’n usi’llar si’pati’nda qaraydi’.

Wo’z shaxsiyati’n tu’siniw, payda yetiw, wo’zligin quramalasti’ri’wdi’n’ tiykarg’i’ maqseti boli’p tabi’ladi’. Wo’z-wo’zin ta’rbiyalamastan, u’yrenbesten, bilmesten turi’p wo’z si’patlari’n an’lawi’ mu’mkin yemes: «Sol isti qi’la alasan’ba, sag’an bu’l iske umti’li’w kerekpe yaki joqpa? ekenligin bilmey tu’ri’p qa’legen insanday bola almaysan’» ayri’m payi’tlarda wo’z-wo’zin ta’rbiyalawda wo’zligin biliw woni’n’ xal yetiwshi faktorlari’na

aylanadi’. Mi’sali’, wo’z-wo’zin bahalaw wo’zligin biliwdin’ za’ru’r qurali’ si’pati’nda insandi’ wo’z is-ha’reketlerin yerkin bag’darlaw ha’m baqlaw, wo’zinde ma’na’wiy sezimlerin ta’rbiyalaw, kemshiliklerdi jen’ip wo’tiwge bag’darlanadi’. Biraq wo’z-wo’zin bahalaw wo’zligin biliw processin ta’minley almaydi’. Wo’z-wo’zin bahalaw, u’yreniw, baqlaw bolg’anda g’ana bul processti ta’miynlew mu’mkin boladi’, wo’zin adalatli’ bahalaw wo’z na’wbetinde wo’z-wo’zin analiz yetiw, baqlaw ha’m kritika yetiwdi na’zerde tutadi’.

Wo’zligin biliw u’zliksiz ta’rizde wo’z u’stinde islew mazmuni’, wo’z-wo’zin ta’rbiyalaw da’stu’rin belgileydi. Wo’zligin biliw shaxsti’n’ ani’q rejesin du’ziw, woqi’wshi’larda qa’liplesetug’i’n tiyisli maqsetler, ideyalarg’a yerisiw ushi’n zaru’r. Demek, wo’zligin biliw tiykari’ndag’i’ wo’zligin an’law, wo’z-wo’zine mu’na’sibet arqali’ wo’z-wo’zin ta’rbiyalawg’a ali’p keliwi mu’mkin. Soni’n’ ushi’n wo’zligin an’lawdi’n’ tu’rli ta’repleri wo’z-wo’zin ta’rbiyalawg’a ne beriwin ko’rip shi’g’ami’z.

Wo’zligin an’lawdi’n’ tiykari’ wo’z-wo’zine mu’na’sibet, insanni’n’ wo’zge shaxsqa bolg’an mu’na’sibetin na’zerde tutadi’. Wol birinshi na’wbette shaxs bag’dari’na (maqsetler, ideyalar, za’ru’rlikler, qi’zi’g’i’wshi’li’qlar) tiyisli wo’zine talapshan’li’q, wo’z-wo’zin ta’riplewdi wo’z ishine aladi’. Wo’z-wo’zine mu’na’sibet ha’r dayi’m wo’z-wo’zin seziw menen baylani’sli’ boli’p, wo’z-wo’zin seziw bolsa wo’z na’wbetinde wo’zligin biliwdi payda yetip, wo’z-wo’zin ta’riplew ha’m wo’z minezin wo’zgertiw menen baylani’sli’ boladi’. Wo’z-wo’zinen, a’dep-ikramli’g’i’nan qanaatlani’w yaki qanaatlanbawdi’ ta’riplewshi shaxsti’n’ ru’wxi’y jag’dayi’, woni’n’ ishki du’nyasi’n jaratadi’, bul ishki du’nya bolsa insan «men»inin’ barli’q ko’rinislerine ta’sir yetedi. Demek, wo’zligin an’lawdi’n’ qanday ta’rizde a’melge asi’ri’li’wi’ ko’p ta’repten wo’zligin biliw ha’m wo’z-wo’zine mu’na’siybetinin’ birligine baylani’sli’. Eger shaxs wo’zin duri’s bahalawg’a,

wo’z is-ha’reketlerine kritik ha’m adalatli’ bolsa, na’tiyjede wo’z-wo’zin ta’rbiyalawg’a bolg’an za’ru’rlik payda boladi’.

Wo’z-wo’zin sezim ha’m wo’z-wo’zine ta’sir yetetu’g’i’n qi’zi’g’i’w, wo’z ishine alg’an wo’zligin an’lawdi’n’ emotsional ta’repi si’pati’nda payda boladi’. Wolardi’n’ ha’mmesi wo’z sezimlerin ha’m pikirlerin, is-ha’reketlerin basqari’wg’a tiykarlang’an shaxsti’n’ wo’z-wo’zin ta’rbiyalawi’nda wol yaki bul da’rejede payda yetedi. Wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wdi’n’ wo’z-ara baylani’si’n to’mendegi si’zi’lma ta’rizinde ta’riyplew mu’mkin:

1-si’zi’lma




Wo’zligin an’lawdi’ qa’liplestiriwdin’ ha’r bir usi’li’, wo’z-wo’zin ta’rbiyalaw tu’rleri, bo’limlerine ani’q ta’rizde ta’sir ko’rsetedi. Wo’z-wo’zin u’yreniw usi’li’ ko’birek wo’z-wo’zin ta’rbiyalawdi’n’ reje ha’m mazmuni’n, wo’z-wo’zine mu’na’sibet, woni’n’ a’hmiyetin ha’m motivlerin, wo’z-wo’zin seziw ha’m wo’z-wo’zine ta’sir ko’rsetiw, wo’zin basqari’w ma’deniyati’n belgileydi. Demek, wo’zligin biliw wo’z-wo’zin an’law processine ta’sir ko’rsetedi, aqi’r aqi’betinde woni’n’ bag’dari’, si’pati’ ha’m na’tiyjeliligin

belgileydi. Biz a’dep-ikramli’qta insan ruwxi’y turmi’si’n sho’lkemlestiriwshi, birinshi na’wbette woni’n’ wo’zin qorshap turg’an a’lemde bar yekenligi wo’zgesheliklerine tiyisli bolg’an formalardan birin ko’remiz. Shan’araq, turmi’s, dem ali’wdi’ sho’lkemlestiriw ha’m tag’i’ da basqalardi’n’ barli’g’i’ ha’r bir insang’a ta’n bolg’an a’dep-ikramli’q wo’zgesheliklerinin’ payda boli’w u’lgisi boli’p yesaplanadi’. Biraq insan wo’zinin’ tiykarg’i’ xi’zmeti (woqi’w, jumi’s) menen ba’nt bolg’anda a’dep-ikramli’li’q subekti bolmay qalmaydi’, bul na’rse wo’zinin’ kerisinshe xi’zmetkerler menen baylani’sta, ka’siplik ma’jbu’riyatlar a’tirapi’nan shi’g’i’wshi’ bilimleri, so’ylew ma’deniyati’, mimikalardi’n’ wo’zgeshelikleri, qatnas ma’deniyati’ qag’i’ydalari’na boysi’ni’wda, a’detleri (ta’rbiyalang’anli’q da’rejesi) ha’m basqalarda tawadi’. Basqasha yetip aytqanda, a’dep-ikramli’li’q xi’zmettin’ wo’zinde de payda boli’p, a’tiraptag’i’ insanlarg’a insan haqqi’nda toli’q ha’m ani’q tu’sinik payda yetiwge, woni’n’ ka’siplik pazi’yletleri haqqi’ndag’i’ pikirleri menen shegaralani’p qalmawg’a ja’rdem beredi.

Wo’spirimlerdi, ayni’qsa, birinshi balag’at jasi’nda g’a’rezsizlikke, yag’ni’y wo’z tu’rmi’s xi’zmetin wo’zi basqari’wg’a bolg’an qa’lewi payda boladi’. U’lken jastag’i’ insanlarg’a wo’z-wo’zin basqari’wdi’n’ quramali’ ko’rinisleri ta’n boladi’. Wolar shaxs qa’liplesiwi, xi’zmet ha’m a’dep-ikramli’q subekti payda boli’wdi’n’ tiykari’n sho’lkemlestiredi. Xi’zmet ha’m a’dep-ikramli’li’q motivlerin aydi’nlasti’ri’w, tiyisli maqsetlerdi qoyi’w, wolarg’a yerisiw jollari’n tan’law wo’z-wo’zin basqari’wdi’n’ wo’zgeshelikleri boli’p yesaplanadi’. A’piwayi’lasti’ri’p aytqanda, subekt ushi’n wo’z-wo’zin basqari’w ne ha’m qanday yetiw kerek, degen wazi’ypalardi’ maqset yetip qoyadi’.

Wo’z-wo’zin basqari’w uzaq mu’ddetli keleshekke-tu’rmi’s joli’n tan’lawi’, wo’z-wo’zin bekkemlew wazi’ypalari’n qoyi’wi’, wo’zligin tani’w maqsetlerin aydi’nlasti’ri’wi’ ha’m basqalarg’a qarati’li’wi’ mu’mkin. Joqari’da ayti’lg’an pikirlerden ja’ne bir sonday ju’wmaq shi’g’ari’w mu’mkin, wo’zligin

an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiw ma’na’wiyatli’ shaxsti’ ta’rbiyalawdi’n’ tiykarg’i’ wazi’ypasi’ boli’p yesaplanadi’. Wo’zligin tani’p ha’m an’lay almag’an, wo’zin-wo’zi insan ja’miyeti a’dep-ikramli’li’q normalari’ a’tirapi’nda basqara almaytu’g’i’n insan, hesh qashan ma’na’wiyatli’ bola almaydi’.

## 1.2. Oqi’wshi’lardi’ wo’zligin an’lawg’a ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiw jollari’

Wo’zligin bilgen shaxs wo’zine ta’n duri’s qatnasti’ belgiley aladi’, a’dep-ikramli’li’q social wo’lshemlerge qi’ynalmay maslasti’radi’, wo’zin-wo’zi sol wo’lshemler a’tirapi’nda basqaradi’. Sol sebepli wo’zlikti an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiw jollari’nan tiykarg’i’si’ ha’m bizin’she, yen’ na’tiyjelisi-bul woqi’wshi’lardi’n’ wo’zligin biliw processin sho’lkemlestiriw boli’p tabi’ladi’. Wo’zligin biliwdin’ tiykarg’i’ joli’ wo’zin-wo’zi baqlawdan ibarat. Wo’zin basqalar menen sali’sti’ri’w da a’hmiyetli boli’p tabi’ladi’. Na’tiyjede woqi’wshi’ shaxsi’nda materialli’q barli’qti’ payda yetiw, woni’n’ analizi menen baylani’sli’ degen ma’nisti bildiredi. Shaxslar wo’zgeler ikramli’g’i’ni’n’ si’rtqi’ ta’replerin biliw menen shegaralani’p qalmaydi’, ba’lki basqalar qatnasi’ ha’m bul qatnasti’n’ a’hmiyetin an’law, qatti’ ha’reketlerin tu’sindirip beriw, wolardi’ aldi’nan ko’re ali’wdi’ qa’leydi. İnsanda tu’sindirip beriw ha’m bahalaw u’shi’n rawajlang’an aqli’y xi’zmet, psixologiyali’q qaras, ziyreklik, ko’z aldi’na keltiriw, baqlawshi’li’q ha’m bag’dar za’ru’r. İnsan wo’zi ha’m wo’zgelerde wo’zinin’ bag’dari’na sa’ykes tu’setu’g’i’n si’patlardi’ izleydi ha’m aji’rati’p aladi’. Sonnan woqi’wshi’lar belgileytug’i’n «klass sa’rdari’», «jaqsi’ dos», «belsendi» si’yaqli’ tu’siniklerge qoyi’latu’g’i’n talaplar kelip shi’g’adi’. Sol toparg’a tiyisli woqi’wshi’lar ushi’n ta’n bolg’an, qatnasta ha’m miynette itibar beriletug’i’n pazi’yletler ko’rsetip wo’tiledi ha’m analiz yetiledi.

Ko’p na’rse woqi’wshi’ shaxsi’ni’n’ baqlawshi’li’g’i’ ha’m xi’zmetine baylani’sli’ boladi’. Bunnan insang’a beriletug’i’n birinshi xarakteristika barhama wo’zgerip baradi’, sebebi ha’r birimiz basqa adamdi’ qansheli baqlasaq, baqlaw a’melge asi’ri’latu’g’i’n xi’zmet tu’rleri ha’r qi’yli’ bolsa, woni’ tu’sindirip beriw ha’m wog’an beriletu’g’i’n xarakteristika sonshelli teren’ boladi’. Wo’zgelerdi u’yreniw ha’m analiz yetiw ta’jriybesi keyingi

barli’q u’yreniwdin’ a’hmiyetli wazi’ypasi’ boladi’. Bunnan wo’zlikti biliwdi sho’lkemlestiriwdin’ keyingi joli’-woqi’wshi’lar ja’ma’a’tinde kritikalawdi’ rawajlandi’ri’w imkaniyati’ kelip shi’g’adi’. Bul isti sho’lkemlestriw ushi’n klass ja’ma’a’ti pikirin u’yreniw kerek.

Wo’zligin biliwge ruwxi’y tayarlawdi’n’ a’hmiyetli usi’li’ shaxs imkaniyatlari’n ashi’p beriw bari’si’nda wo’tkeziletug’i’n gu’rrin’ler boladi’. Ruwxi’y ani’qli’q shaxsti’n’ wol yaki bul si’patlari’ qanday qa’liplesiwi, wo’zin qanday basqari’w kerekligin tu’siniw ushi’n da za’ru’r boli’p yesaplanadi’. Demek, barli’q izertlewler na’tiyjesinde shaxs ru’wxi’yati’ boyi’nsha gu’rrin’ler wo’tkezilgennen keyin wo’zligin biliw si’pati’ keskin asadi’. Shaxsti’n’ maqsetke bag’darlang’an faktorlari’ni’n’ ko’pshiligi wo’zine talapshan’li’q penen baylani’sli’ boladi’.

Shaxs ha’m ja’ma’a’t rawajlani’wi’ni’n’ tu’rli basqi’shlari’nda wo’zine talapshan’li’q birdey yemes. Wo’zine talapshan’li’q da’rejesi ja’ma’a’tti’n’ rawajlang’anli’q da’rejesi ha’m woni’n’ shaxsg’a qoyatug’i’n talaplari’ menen birdey boladi’. Sonda kritika wo’z-wo’zinen kritikag’a aylanadi’.

Baqlawlari’mi’z na’tiyjeminde usi’ na’rseler ani’qlandi’, wo’zine talapshan’li’q shaxs ta’rbiyasi’ ha’m ja’ma’a’tti’n’ rawajlang’anli’g’i’ da’rejesine ten’dey baylani’sli’ boladi’. Wo’spirimnin’ wo’zine talapshan’li’g’i’na balalar ja’ma’a’tinde wo’z-ara talapshan’li’qti’ rawajlandi’ri’w sharayatlari’nda wo’zligin an’law ko’nlikpesin qa’liplestiriw arqali’ ta’sir ko’rsetiw mu’mkin.

Ja’ma’a’ttin’ shaxsg’a talapshan’li’g’i’ wo’zine talapshan’li’qti’ qa’liplestiriwdin’ tiykarg’i’ sha’rti boli’p yesaplanadi’. Bunda wo’spirim turmi’si’na berilgen tapsi’rmalardi’n’ wori’nlang’anli’g’i’ haqqi’nda ja’ma’a’t aldi’nda yesabat beriw, woni’n’ qatti’-ha’reketlerin ja’ma’a’t ta’repinen baqlaw yag’ni’y bahalawdi’, balki wo’z-wo’zine yesabat beriw, baqlaw, tekseriwdi ha’m kiritiw a’hmiyetli boladi’. Wo’z u’stinde islewdi analiz yetiw wo’zligin toli’q biliwge ali’p keledi. Wo’zligin an’lawdi’n’ joqari’ ko’rsetkishi kritikag’a,

shaxsti'n' wo'zgeler ta'repinen analiz yetiliwine qatnas, ayni'qsa, ten'qorlari' pikiri menen yesaplasi'w boli'p tabi'ladi'. Kritikag'a qatnas jasqa, ja'ma'a't yaki pedagoglar talaplari'ni'n' xi'zmet si'pati' ha'm a'dep-ikramli'li'q wo'lshemlerin wori'nlawg'a bolg'an talaplardi'n' arti'p bari'wi'na baylani'sli' ku'sheyip baradi'. Ten'qurlari' kritikasi', pedagoglardi'n' talapshan'li'g'i' ha'm jetiskenligi, wo'zinin' jaqsi' ta'repin ko'rsetiwge umti'li'wi' birlesse, 7-8 klasslardan baslap woqi'wshi'lardi'n' wo'zligin biliwge qi'zi'g'i'wi'ni'n' arti'wi' yen' joqari' da'rejege shekem baqlang'an. A'hmiyeti sonda, kishi jastag'i' wo'spirimlerge ten'qurlari'ni'n' kemshiliklerin bir yemes, yeki emes, ko'p ma'rtebe ko'rsetiw, wolardi' jog'alti'wdi' talap yetiw kerek. U'lken jastag'i' wo'spirimdi wo'zine bolg'an ku'shli muxabbati' woni' ten'qurlari' ha'm yeresekler kritikasi'na sezgir qatanasta boli'wg'a ma'jbu'r yetedi. Bul halda ja'ma'a't, ta'rbiyashi'lar talapshan'li'g'i' wo'zine bolg'an talapshan'li'q penen u'zliksiz baylani'sta boladi', bul wo'z na'wbetinde wo'zligin aktiv biliwge qaratadi'. U'lken jastag'i' wo'spirimlerdin' wo'zligin biliwi kritika na'tiyjesinde pa'seyedi, bul jasta wo'z-wo'zin kritikalaw ko'birek a'hmiyetke iye. Soni'n' ushi'n kritika ha'm wo'z-wo'zin kritikalaw bir-birine say tu'sse, wo'zlikti biliw de tezlesedi.

Wo'zligin biliw wo'z ishine tek da'lillerdi yesapqa ali'w sistemasi'n kiritip qalmaydi', ba'lkim wolardi'n' analizleri ha'm uli'wma sistemasi' da wo'zligin biliwde payda boladi'.

Wo'zligin biliwdin' barli'q jollari' u'lken jastag'i' wo'spirimlerde wo'z-wo'zin kritika yetiw ko'nlikpesin rawajlandi'radi', wo'zine bolg'an joqari' talapshaqli'g'i'n ta'miynleydi. Bul ayni'qsa, wo'z-wo'zin kritikalaw shaxs boli'p qa'liplesken joqari' klass woqi'wshi'lari'nda payda boladi'.

Wo'zin-wo'zi kritikalap ta'rbiyalaw ushi'n bahalaw ha'm wo'z-wo'zin bahalaw wo'lshemlerin bir-birine baylani'sti'ri'w za'ru'r. Sebebi bahalaw ha'm wo'z-wo'zin bahalaw tiykari'nda shaxs wo'zi haqqi'nda hu'kim shi'g'aradi',

wo'zinin' a'dep-ikramli'li'g'i'n insang'a qoyi'latu'g'i'n ma'na'wiy talap penen birlestiredi.

Wo'z-wo'zin kritikalaw, miynet su'yiwshilik, haq so'zlik ha'm wo'zine talapshan'li'q si'yaqli' pazi'yletler wortasi'nda u'zliksizlik boli'p tabi'ladi'. Yeger shaxs ta'rbiyasi' usi' ta'rizde a'melge asi'ri'lsa, woqi'wshi'da wo'z-wo'zin kritika yetiw ko'nlikpesin qa'liplestiriw ushi'n kem miynet sari'playdi'. Lekin ju'da' qolay sharayatlarda da, ma'selen 4-6-klass oqi'wshi'lari'ni'n' u'shten bir bo'liminde g'ana wo'z-wo'zin kritika etiw kwo'nlikpesi payda boladi', lekin bul ha'r dayi'm yemes, sonda payda boladi'. Sol na'rse ma'lim boldi', basqalardi' kritika yetiw, wo'spirimler wo'zlerin kritikalawdi' da biledi, basqalardi'n' kemshiliklerin keshiriwde wo'z-wo'zin to'men kritika yetiwge ali'p keledi. Kritika ha'm wo'z-wo'zin kritikalaw arasi'ndag'i' wo'zgeshelik ayri'qsha yemes a'dette wo'spirimlerdin' 4-6 % inde menmenlik ku'shli boladi'. Bulardi'n' barshesi 4-9 klaslardag'i' ta'rbiyali'q isler sistemasi'n belgilewge tiykar boladi'.

Haqi'qati'nda da, yeger wo'z miyneti na'tiyjelerinen qanaatlanbasa, wolarg'a kritikali'q qatnasta bolmasa, woqi'wshi' wo'zinin' wori'nlag'an na'rsesin qaytadan jasawg'a ma'jbu'r yete almaydi'. Sonday-aq qaytadan ko'riw, wori'nlaw miynet su'yiwshilik belgilerinen biri yesaplanadi'. Bizin' pikirimizshe wo'z-wo'zin kritikalaw menen shaxsiy xi'zmet na'tiyjelerine talapshan'li'qti'n' arti'wi' arasi'nda wo'z-ara baylani'sli'li'q bar. Wo'z-wo'zin kritikalaw insanni'n' wo'zine ha'm basqalarg'a qatnasi'n ko'rsetiwshi kritikalaw, wo'zine muhabbat, g'a'rezsizlik, wo'zine talapshan'li'q si'yaqli' woqi'wshi'ni'n' xarakter wo'zgeshelikleri menen baylani'sli' boladi'.

Wo'z-wo'zin kritikalaw-xi'zmet na'tiyjelerin qali's bahalaw, kemshiliklerin an'lap jetiw, wo'zine qarati'lg'an haqi'yqi'y kritikag'a duri's qatnasta boli'w.

G'a'rezsiz-jeke juwapkershilik, wo'zine isenim, ta'jriybe, basqalar pikirin tuwri' bahalaw, birinshi na'wbette, wo'z pikirine iseniw.

Kishpeyillik-ja’miyetlik ta’rtip talaplari’na boysi’ni’w, basqalarg’a hu’rmet penen qatnasta boli’w, doslari’ni’n’ kishkene kemshiliklerin keshiriw, sol waqi’ttag’i’ wo’zinin’ is-ha’reketlerine ha’m kemshiliklerine kritikali’q qatnasta boli’w, wo’zindegi bar mu’mkinshiliklerdi yesapqa almaw.

Wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’da wo’zinin’ keleshegi, qi’zi’g’i’wshi’li’qlari’ haqqi’nda tu’sinikleri rawajlansa, wo’zine talapshan’li’q da na’tiyjeli qa’liplesedi ha’m kamal tabadi’. Woqi’wshi’ni’n’ bu’gingi ku’ndegi ha’mde keleshektegi «Men»in ha’rdayi’m sali’sti’ri’p bari’wi’ wo’zine talapshan’li’qti’ marapatlaydi’ ha’m ja’ma’a’t kritikasi’na duri’s qatnasta boli’w ko’nlikpesin qa’liplestiredi.

Wo’zine talapshan’li’q yeki ha’diyse menen baylani’sli’:

1) wo’zinin’ kemshilikleri ha’m jetiskenliklerin basqalar menen sali’sti’ri’wdi’ an’law;

2) ten’-qu’rlari’, ata-anasi’, pedagoglarg’a qari’m-qatnasi’n wo’zgertiriw ushi’n jaqsi’raq biliw za’ru’riyati’n tu’sinip jetiw.

Woqi’’wshi’’ni’n’ wo’zin biliw da’rejesi ha’m shaxs si’pati’ndag’i’ bag’dardi’n’ qa’liplesiwi, maqsetke umti’li’wi’, ja’miyetlik belsendiligi arasi’nda ti’g’i’z baylani’s bar. Wo’zligin biliw teren’ligi balalardi’n’ wo’mir ta’jriybesi, qari’m-qatnas, wolar ba’nt bolg’an xi’zmet tu’rleri xarakteri, sonday-aq, woqi’wshi’ni’n’ sol sharayatlardag’i’ ruwxi’y jag’dayi’na baylani’sli’.

Woqi’wshi’lardi’n’ wo’zligin biliwge basshi’li’q yetiw ha’m wolardi’ baqlaw ha’r bir balani’n’ ta’rbiyalang’anli’q da’rejesin u’yreniw woqi’ti’wshi’ ha’m ta’rbiyashi’larg’a wolardi’n’ keyingi keleshegin ta’miynlew ushi’n bay material beriwi kerek. Wo’zligin biliw sol shaxsti’ ta’rbiyalap ati’rg’an barli’q pedagoglar ushi’n woqi’wshi’ni’n’ ma’na’wiy du’nyasi’n biliw imkaniyati’n ashi’p beredi. Wo’zligin biliw woqi’wshi’ shaxsi’ni’n’ sanasi’n ha’m wo’zligin an’law keleshegine xi’zmet yetedi. Wo’zi haqqi’nda ma’na’wiy, a’dep-ikramli’li’q si’patlari’ni’n’ payda boli’wi’, usi’ tu’rmi’s sistemasi’n tan’lawg’a

ja’rdem beredi, bul woqi’wshi’ni’n’ jeke keleshegin ta’miynleydi. Joqari’da ayti’p wo’tkenimizdey, wo’zligin an’law tiykari’nda wo’zine talapshan’li’q, wo’z-wo’zin kritikalaw ku’sheydi, wo’z-wo’zin ta’rbiyalaw ja’nede joqari’ da’rejede a’melge asi’ri’ladi’.

Wo’zligin an’lawdi’n’ tiykarg’i’ bo’limi wo’zligin biliw wo’z-wo’zin basqari’wg’a wo’tiwdin’ tiykari’ boli’p tabi’ladi’. Wo’zligin biliw tu’rleri, bo’limleri arasi’nda wo’z-wo’zin baqlaw shaxsti’n’ wo’z-wo’zin basqari’wg’a wo’tiwin ta’miynlewshi faktorlardan biri boli’p yesaplanadi’. Soni’n’ u’shi’n aldi’mi’zg’a qoyi’lg’an wazi’ypa mektep a’meliyati’, ta’jriybeler, sorawlar na’tiyjesinde ani’qlang’an wo’z-wo’zin baqlaw jollari’, u’si’llari’, mazmuni’n ashi’p beriwden ibarat.

Wo’z-wo’zin baqlawdi’n’ mazmuni’ sonda, insan wo’zinin’ ja’miyetdegi xi’zmeti na’tiyjesinde payda bolatug’i’n situatsiyalar mazmuni’ ha’m xarakterine da’slep yadi’nda saqlaydi’, keyin woni’n’ ma’nisin an’laydi’. Si’rtqi’ ta’sirler shaxsti’n’ subektiv ruwxi’y du’nyasi’nda wo’z ko’rsetkishleri na’tiyjesinde wo’z-wo’zin baqlawdi’n’ wazi’ypasi’ wo’z tu’sinikleri, si’rtqi’ du’nya waqi’yalari’na wo’z qatnaslari’n bildiriwi ha’m ha’diyselerdi bahalawdan ibarat. Wo’zligin biliw processinde oqi’wshi’ wo’zine-wo’zi «Mag’an ne boldi’, nege sonday basqasha emes?», qanaatlani’w yag’ni’y qanaatlanbasli’q sezimi qay jerde payda boladi’, «Nege men bu’g’an qi’zi’g’aman, wog’an qi’zi’qpayman?» si’yaqli’ sorawlardi’ beredi. Wo’zligin biliw - bul aktiv pikirlew ha’m di’qqatti’ ja’mlew processinde wo’z-wo’zin baqlaw boli’p tabi’ladi’. Soni’n’ ushi’n pedagog woqi’wshi’ni’n’ wo’z-wo’zin baqlawg’a maqsetli ko’rsetpeler beriwi, xi’zmetti introspektiv (wo’z-wo’zin ishten baqlaw) analiz yetiw ko’nlikpelerin qa’liplestiriw kerek.

Wo’z-wo’zin baqlawdi’ sho’lkemlestiriwdin’ pedagogikali’q tiykarlari’ nelerden ibarat Pedagogika pa’ninde bul mashqalag’a bolg’an ko’z-qaras to’mendegishe:

Da’slep woqi’wshi’larg’a wo’zligin biliw ha’m an’law, keyin wo’z-wo’zin basqari’w ushi’n wo’z-wo’zin baqlaw ko’nlikpesi qa’liplestiriledi.

11-12 jaslardag’i’ wo’spirimlerge ha’r qi’yli’ temalardag’i’ sa’wbetlerde («Men ha’m biz», «Wo’zin’ haqqi’nda ne bilesen’?», «Baqlawshi’ bol») wo’zligin biliw ma’deniyati’ qa’liplestiriledi ha’m wo’z-wo’zin baqlawdi’n’ uli’wma qag’i’ydalari’ tu’sindiriledi.

Birinshiden, woqi’wshi’ wo’zinin’ ku’shli ha’m a’zziligin biliw, ashi’wshaq, quwani’sh, ku’yiniw (uli’wma ha’r qanday ruwxi’y jag’day) belgilerin seze ali’wi’ kerek. Wol wo’zinde talapshan’li’q, ziyrek, jaqsi’ pazi’yletler qanday payda boli’wi’n biliwi kerek. Bul wo’z a’dep-ikramli’g’i’n basqari’w ushi’n ju’da’ za’ru’r. Ma’selen, ashi’wshaq belgilerin biletu’g’i’n woqi’wshi’lar woni’n’ payda boli’wi’na jol qoymaydi’, wo’zlerin tuta biledi, di’qqatlari’n basqa na’rselerge qaratadi’lar.

Yekinshiden, wo’z-wo’zin baqlaw wo’zinin’ keshirmeleri ha’m ha’reketlerin baqlawg’a ja’rdem beredi. Biraq wo’z-wo’zin baqlaw boli’p ati’rg’an waqi’yalar ha’m shaxs keshirmelerinin’ tiykarg’i’ ko’rsetiwi mu’mkin. Wo’zin baqlaw wo’zin analiz yetiw boli’p tabi’ladi’.

U’shinshiden, woqi’wshi’lar ko’binshe wo’z qa’lewindegi na’rselerdi turmi’sli’q dep qabi’l yetedi, wo’zinin’ jaqsi’ pazi’yletlerin i’qti’yarli’ tu’rde fantaziyag’a aylandi’radi’, arasi’nda wo’z kemshiliklerin de bo’rttiredi. Woqi’wshi’larg’a wo’z-wo’zin baqlawdag’i’ u’stirtin qa’telerdi ko’rsetiw, wolardi’ baqlaw ma’deniyati’na u’yretiw, keyin wo’z-wo’zin baqlaw ko’nlikpelerin qa’liplestriw ha’m wo’z-wo’zin ta’rbiyalawdi’ bekkemlew za’ru’r.

Wo’z-wo’zin baqlaw jaqsi’ sharayatta sho’lkemlestiriledi, bunda pedagog woqi’wshi’larg’a wo’zinin’ ma’slahatleri menen ja’rdem beredi, g’ayratlandi’radi’, woqi’wshi’lar wo’zlerin qanshelli ti’ri’sqaqli’g’i’ menen baqlasa, wo’z-wo’zin baqlaw wortali’g’i’nda sonshelli tar boladi’.

Woqi’wshi’lar ta’repinen ku’ndelikler, shi’g’armalarda ko’rsetilgen wo’zligin biliw na’tiyjelerin anketa sorawi’ ja’rdeminde ani’qlasti’ri’w, sol xi’zmet processinde woqi’wshi’lardi’ baqlaw na’tiyjelerin wolardi’n’ wo’z-wo’zin baqlawlari’ na’tiyjeleri menen sali’sti’ri’w za’ru’r. Pedagog ha’r qi’yli’ sorawlar beredi: «Ne bolg’an yedi, ne bolmadi’?», «Bu’ni’ sezdime yaki joqpa?», «Qa’teni qashan birinshi ma’rte ko’rdi?» ha’m t.b. Wo’z-wo’zin baqlaw na’tiyjeleri boyi’nsha anketalar, sa’wbetler wo’tkiziw paydali’ boladi’, yag’ni’y ushi’rasi’w, qarama-qarsi’li’q, wol yaki bul ha’diyseni su’wretlew boyi’nsha bir qatar sorawlarg’a juwap beriw kerek. Sonda baqlaw ha’m wo’z-wo’zin baqlaw na’tiyjeleri sali’sti’ri’li’wi’, analiz yetiliwi, ani’qlani’wi’ mu’mkin ha’m bul na’rse da’liyllerdi u’yrenip shi’g’i’w ushi’n jaqsi’ tiykar boladi’.

Woqi’wshi’lardi’ to’mendegi wo’z-wo’zin baqlaw usi’llari’na u’yretiw ju’da’ a’hmiyetli:

- aldi’nda turg’an wazi’ypalari’n, wori’nlanatu’g’i’n isleri haqqi’ndag’i’ rejelerin, ko’z-qaraslari’n, keshirmelerin ha’m tu’siniklerin analiz etiwge u’yretiw, keyin bolsa rejelestirilgen islerinen neler a’melge asqan, qaysi’lari’ wori’nlanbay qali’p ketkenligin aji’rati’p ali’w, miynet yetiw ha’m baylani’s bari’si’nda wo’zin, tu’siniklerin seze ali’w, keyin awi’zeki yaki jazba ta’rizde bayan yetiw;
- pikir almasqanda wo’zinin’ keshirmelerin doslari’ni’n’ keshirmeleri menen sali’sti’ri’w (men neni ha’mme si’yaqli’ sezbey ati’rman, neni basqalarday sezbey ati’rman);
- wo’z-wo’zin baqlaw ku’ndeligin ju’ritiw ma’deniyati’n iyelew, wondag’i’ xizmet, waqi’yalar na’tiyjeleri, wolardi’n’ wo’z kewil keypiyati’, miynet na’tiyjelerine ta’sirin analiz yetiw;
- woqi’wshi’lardi’ wo’z-wo’zin baqlaw qag’i’ydalari’ menen tani’sti’ri’w («Wo’zin’di bil» temasi’nda sa’wbet) tiykari’nda to’mendegilerdi u’yretiw za’ru’r;

- maqsetti ani’q tu’sinip jetiw, wo’z-wo’zin baqlaw rejesin islep shi’g’i’w (neni ko’re ali’w, neni tu’sinip jetiw, neni qanday etip dizimge ali’w);
- di’qqatti’ sonday ja’mlew kerek, ha’m is wori’nlansi’n, ha’m wo’z keshirmeleri, sezimleri, pikirleri itibardan shette qalmasi’n;
- tu’siniklerdi izbe-iz dizimge ali’w-bul wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’ keshirmelerinen basqa na’rse yemes, soni’n’ ushi’n u’zliksiz tu’siniklerin baqlaw ha’m wolardi’ yadta saqlap qali’w za’ru’r.

Belsendiler ha’m pedagoglar ja’ma’a’t is rejelarinin’ so’zsiz wori’nlani’wi’na yerisedi ha’m klass ji’ynali’slari’nda qabi’l yetilgen qararlardi’n’ wori’nlani’wi’n ma’lim yetedi. U’lgili woqi’wshi’lardi’n’ klaslaslari’, u’lkenler ha’m kishkenelerge mu’na’siybetlerindegi ma’na’wiy a’dilligi u’lgi yetip ko’rsetiledi. Ja’ma’a’tlik xi’zmette ju’z beretu’g’i’n mu’na’siybetlerden kritika ha’m wo’z-wo’zin kritikalaw ko’nikpesin rawajlandi’ri’wda woqi’wshi’lar ja’ma’a’ti, tu’rmi’sti’n’ barli’q ma’seleleri boyi’nsha ja’miyetshilik pikirin ha’r ta’repleme bekkemlewde paydalani’ladi’.

Woqi’wshi’lardi’n’ ma’na’wiy wo’zligin an’lawda ja’ma’a’ttin’ qa’lipleskenligi jetekshi a’hmiyetti payda yetedi. Sonnan kelip shi’qqan halda, wo’zligin an’lawg’a tayarli’qti’n’ ani’q pedagogikali’q-psixologiyali’q mazmuni’ islep shi’g’i’ldi’. Soni’n’ ushi’n baslawi’sh klaslarda yeresekler ha’m ten’-qorlar a’dep-ikarmli’g’i’n u’lgi si’pati’nda ko’rsetiw maqsetke mu’wapi’q boladi’.

Woqi’wshi’lar wortali’g’i’nda qabi’l yetilgen qadriyatlar u’lken a’hmiyetke iye. Sol sebepli mu’na’sibetler ma’deniyati’ sistemasi’nda ja’ma’a’t pikirinin’ qa’liplestiriliwine u’lken itibar beriw lazi’m.

«Yer ha’m qi’z balalar arasi’ndag’i’ mu’na’sibetler qanday boli’wi’ kerek?», «Kimdi haqi’yqi’y dos dew mu’mkin?», «Dosli’qti’n’ muqaddes tarlari’», «Perzent buri’shi’», «Yerkeklik ar-nami’si’» si’yaqli’ temalarda sa’wbetler sho’lkemlestiriw kerek. Ta’rbiya processinde mektepti jaqi’nda pitkergen, qi’sqa mu’ddet ishinde ko’p na’rseni ko’rgen, shan’araq qurg’an,

miynet ja’ma’a’tlerinde xi’zmet ko’rsetip ati’rg’an jaslardi’ da tarti’w mu’mkin. Wolardi’n’ pikirleri wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’larg’a u’lken ta’sir ko’rsetedi.

7-8-klasslarda kemshilikler ha’m unamsi’z si’patlardi’ jen’ip wo’tiwge umti’li’w ku’sheyedi. Soni’ yesapqa alg’an halda, bul jastag’i’ wo’spirimler menen «Wo’z kemshiliklerin qanday joq yetiw mu’mkin?» temasi’nda sa’wbet wo’tkiziledi. Bul sa’wbette a’lbette qanday yetip ko’birek ziyrek insanlarg’a unamsi’z si’patlari’ za’rer keltirgeni, woqi’maw aqi’betinde qanday joldan shi’g’i’p ketiw, qorqaqli’q insanlardi’ qi’yanetke jetekleydi ha’m basqalar haqqi’nda woqi’wshi’larg’a gu’rrin’ ayti’p beriw kerek. Keyin bolsa, wol yaki bul kemshiliktin’ kelip shi’g’i’wi’ haqqi’nda toqtali’w lazi’m. Ma’selen, wo’zine isenimsizlik ju’mi’stan qashi’w, wonnan qorqi’w, tarti’nshaqli’qqa keyin bolsa qorqaqli’q, pa’skeshlik, isjaqpasli’q, birewler yesabi’nan ku’n ko’retu’g’i’n ayanshli’ insanlar jag’dayi’na ali’p bari’wi’ tu’sindiriledi. Bunday nuqsanlardi’n’ payda boli’w sebeplerin ashi’p beriwden de shorshi’maw lazi’m.

Balali’qtan baslap ha’mme na’rseden la’zzet ali’wg’a u’yrengen insanlardi’n’ na’shebentlik illetine dushar boli’wi’ tosattan payda bolg’an yemes: wolar da’slep shi’rayli’ kiyiniwge u’yrenedi, keyin sheklenbegen la’zzetlerden ra’ha’tlenedi, basqasha aytqanda, jarati’wg’a yemes, paydalani’wg’a a’detlenedi. Biykarshi’li’qtan, spirtli ishimlik, shawqi’n-su’renli mu’zi’ka, son’ na’shebentlikten la’zzet izleydi. Nuqsanlar sonday qa’liplesedi: bag’i’w na’tiyjesinde ha’r qanday sharayatda, ha’r qanday baha yesesine kayp-sapag’a umti’li’w payda boladi’.

Bu’gingi ku’nde ma’deniyat, insani’yli’q, intellektualli’qti’n’ real shoqqi’si’ ne bul sorawg’a juwap beriwde woqi’ti’wshi’ tek wo’tmish haqqi’nda yemes, balkim zamani’mi’z, a’piwayi’ hu’jdanli’ insanlar haqqi’nda da ayti’w kerek. Belgili insanlar menen qi’zi’qli’ ushi’rasi’wlar wo’tkiziw arqali’ wolarda baqlawshi’li’qti’ ta’rbiyalaw, wo’zge insan ma’na’wiy du’nyasi’n tu’siniwge a’detlendiriw, bulardi’n’ barli’g’i’n wo’zine sin’diriw ko’nikpesi menen

baylani’sti’ri’w za’ru’r. İnsanni’n’ baxti’ ushi’n aqi’l, sap hu’jdan, jen’iske bolg’an isenim ha’m shi’damli’, ju’mi’sta joqari’ ka’siplik sheberlikti talap yetedi. Bul pazi’yletler ha’r qanday kemshilik ha’m nuqsanlardi’ jen’ip wo’tiw ushi’n imkan jaratadi’.

Si’rtqi’ faktorlardi’n’ woqi’wshi’ ishki du’nyasi’na ta’sirin analiz yetiw soni’ ko’rsetedi, ta’rbiyali’q processti ani’q pedagogikali’q wazi’ypalarg’a: maqset ha’m idealardi’ qa’liplestiriw, wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’w ushi’n za’ru’r bolg’an shaxs pazi’yletlerin ta’rbiyalawg’a bag’darlaw kerek.

## 1.3. Woqi’wshi’lardi’ wo’z-wo’zin an’lawg’a u’yretiwdin’ ishki faktorlari’ ha’m de pedagogikali’q sha’rt-sha’riyatlari’

Wo’zligin an’law-wo’zin ja’miyet ag’zasi’ dep biliw, qorshag’an wortali’q, ja’miyet ag’zalari’ menen wo’z-ara qatnaslari’, ku`shi, is ha’reketleri, pikirleri ha’m sezimlerin an’lap jetiw boli’p yesaplanadi’. Bul wo’zin an’law ha’m wo’zine bir pu’tin sanali’ insan si’pati’nda qatnasta boli’w za’ru`r.

Wo’z u`stinde na’tiyjeli islew, birinshi na’wbette, wo’zinin’ ku’shli ha’m a’zzi ta’replerin tu’sinip jetiw, ja’ma’a’ttegi worni’ ha’m a’hmiyetin an’lap jetiw, keleshekte wo’zbetinshe isley ali’w, yag’ni’y wo’zligin an’lawdi’ na’zerde tutadi’.

Wo’zligin an’law insan ha’m ja’miyet turmi’si’nda, ja’miyet ag’zalari’ menen qari’m-qatnaslari’n duri’s sho’lkemlestiriw, baylani’sti’n’ tu’rli formalari’nda wo’z a’dep-ikramli’g’i’n basqari’wda za’ru’r wori’n tutadi’. Wo’zligin an’law da’rejesinin’ joqari’ boli’wi’ ha’m ja’miyet ag’zalari’ni’n’ wortali’q pikirlerine hu`rmet penen qarawi’, a’tirapdag’i’lardi’n’ aqi’li’y ta’repten wo’z-wo’zin rawajlandi’ri’w boli’p xi’zmet yetedi. Bunnan basqa wo’zligin an’law da’rejesinin’ joqari’ boli’wi’ insanlardi’n’ unamsi’z ta’sirinen saqlaydi’. Hu’jdan azabi’nan qorqi’w, a’tiraptag’i’lar na’zerinde wo’zine isenim ha’m abi’rayi’ni’n’ tu’siwin qa’lemew, insandi’ aqli’y ta’repten to’men bolmawi’ ushi’n wolardi’n’ is ha’reketlerin tu’sinip ali’wi’ boli’p tabi’ladi’. Bunday insan ja’miyet ag’zalari’ wo’z-wo’zin hu’rmet yetiwge yerisedi.

Wo’zligin an’law biliw na’tiyjesi boli’p tabi’ladi’. Biliw processi ushi’n insanni’n’ wo’z keshirmelerin ja’miyet penen baylani’sli’ yekenligin an’law talap yetiledi. Sonday-aq, wo’zligin an’law yeki bo’limnen ibarat` an’law («men jamanman») ha’m biliw («ne ushi’n men jamanman ha’m bul nege baylani’sli’»). Wo’z-wo’zin biliw birden, tosattan payda bolmaydi’. İnsan wo’zin biliwge bilimlerdi iyelewge, insanlar menen qari’m-qatnasta boli’w xi’zmet processinde u`yreniledi. Wol insanlar xarakteri, wolardi’n’ a’dep-

ikramli’li’q motivlerin qanshelli ko’p bilse, tu’rli turmi’sli’q situatsiyalarda adamlardi’ qanshelli ko’p baqlasa, a’tirapi’ndag’i’lar, tariyxi’y shaxslar wo’mirinde, ko’rkem shi’g’armalar qaharmanlari’n qanshelli ko’p u’yrense, wo’zinin’ adamgershiligin sonsheli teren’irek tu’sinedi.

Qa’liplesip, rawajlani’p baratu’g’i’n an’law-qu’ramali’ ha’diyse boli’p tabi’ladi’. Sonday-aq bul jerde biliwdin’ wo’zine ta’n formasi’ bolsa, shaxs biliwdin’ ha’m obekti, ha’m subekti si’pati’nda payda boladi’. Shaxs xarakterinin’ unamsi’z ta’replerin saplasti’ri’w haqqi’nda so’z ayti’lg’anda, wo’zligin an’law shaxstan wo’zine qatti’ ha’m ayawsi’z qatnasta boli’wdi’ talap yetedi. Sonday-aq, basqalarda is jaqpas a’detin jen’iw ushi’n wo’zin eki-u’sh ma’rte ko’birek ko’lemde is wori’nlawg’a ma’jbu’r yetedi, wo’zin tuta biliwdi ta’rbiyalaw ushi’n da qi’zi’qli’ kesheler, jaman illetlerden wo’zin ti’yi’wg’a ha’reker yetedi.

Pedagogikali’q ko’z-qarastan wo’zligin an’law ko’nlikpesinin’ rawajlani’wi’ birinshi na’wbette, insan du’nya qarasi’ menen baylani’sli’ bolg’an wo’z-wo’zin bahalaw ha’m analiz usi’llari’n iyelew boli’p tabi’ladi’.

Wo’zligin an’lawdi’n’ rawajlani’wi’ insanni’n’ ha’r ta’repleme qa’liplesiwi, wolardi’n’ ha’r birin teren’ analiz yetiw menen rawajlani’wshi’ taraw boylap ha’reket yetedi` bilmeslikten biliwge, yag’ni’y shaxs rawajlani’p bari’wi’, tu’rmi’s ta’jriybesi artqan sayi’n wo’zligin an’law ko’nlikpesinin’ bekkemleniw tezlesedi. Sol sebepli wo’spirimlik jasi’ baslani’wi’ menen wo’z-wo’zin biliw bir neshe basqi’shtan wo’tedi.

Wo’spirimlerde wo’zligin an’law da’rejesin u’yreniw, wolar wo’zligin an’lawdi’n’ wo’zine ta’n ta’repleri, a’zzi buwi’nlari’n ani’qlaw ta’rbiya bag’darlari’n belgilep ali’w imkani’n beredi. Sonday-aq, bul shaxs ta’repinen a’dep-ikramli’q wo’lshemlerin an’law da’rejesin belgilew, usi’ basqi’shta kem rawajlang’an pazi’yletlerin ani’qlaw ha’m sol tiykari’nda woqi’wshi’lardi’n’ wo’z-wo’zin ta’rbiyalaw, ayni’qsa, za’ru’r ma’na’wiy pazi’yletlerin

qa’liplestiriw boyi’nsha maqsetke bag’darlang’an pedagogikali’q keshelerdi a’melge asi’ri’w imkani’n beredi.

Wo’zligin an’lawdi’n’ tiykarg’i’ bo’limleri ha’m woni’n’ kriteriyalari’ wo’z-wo’zin bahalaw ha’m wo’z-wo’zin analiz yetiw boladi’. Soni’n’ ushi’n wo’zligin an’lawdi’ rawajlandi’ri’w birinshi na’wbette wo’z a’dep-ikramli’li’q ha’m xi’zmettin’ obektiv, tuwri’ bahalaw ha’m analiz yetiwge bolg’an za’ru’rligin qa’liplestiriwge qarati’lg’an boli’wi’ kerek.

Joqari’ klas woqi’wshi’lari’da wo’zlerinin’ ha’m a’trapi’ndag’i’lardi’n’ is-ha’reketlerin kritikali’q bahalawg’a umti’li’w payda boladi’. Wo’z-wo’zin bahalaw, wo’z-wo’zin ta’rbiyalawg’a a’hmiyetli ta’sir ko’rsetedi. Wo’z shaxsi’n duri’s bahalawdi’ qa’liplestiriw wo’z-wo’zin ta’rbiyalaw, wo’zlikti an’lawg’a bolg’an baslang’i’sh ko’rsetkish boli’p yesaplanadi’. Wo’z-wo’zin bahalaw shaxsti’n’ turmi’stag’i’ wori’ni’n payda yetedi, shaxsti’n’ wazi’ypasi’ si’pati’nda a’dep-ikramli’li’qqa bolg’an taktikasi’n belgileydi ha’m woni’ wori’nlawdi’n’ tiykarg’i’ bo’limi boli’p yesaplanadi’.

Wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lar wo’zlerin qanday bahalaydi’ wolardi’n’ wo’z-wo’zlerin bahalawlari’nda qanday ko’rsetkishler tiykarg’i’ kriteriya boli’p yesaplanadi’ Bul baha qanday da’rejede duri’s ha’m xi’zmettin’ qaysi’ tu’rlerinde toli’q payda boladi’. Baqlawlar, woqi’wshi’lar menen sa’wbetler, jazba jumi’slar, anketa sorawlari’ ha’m izertlewdin’ basqa usi’llari’ wo’spirimlerdin’ wo’z-wo’zin bahalawi’na ne ko’birek ta’sir ko’rsetiwi ha’m neler woni’n’ tiykarg’i’ kriteriyasi’ yekenligin ani’qlawg’a ja’rdem beredi.

Woqi’wshi’lardi’n’ wo’z-wo’zin bahalawi’ menen pedagogikali’q bahalar sali’sti’ri’li’p ko’rilgende ma’lim boladi’, ko’p hallarda wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lardi’n’ wo’z-wo’zin bahalawi’nda, wo’z-wo’zin kritika ku’shli bolg’ani’ ushi’n to’men baha qoyi’wg’a ha’reket yetedi. Ha’r dayi’m xoshametlew, yerkeletip jiberilgen wo’spirimlerde bolsa bul kerisinshe, wolar wo’zlerinin’ si’patlari’, ziyrekligi ha’m imkaniyatlari’n joqari’lati’p bahalaydi’.

Ta’rbiyani’n’ wazi’ypasi’-woqi’wshi’lardi’ wo’z u’stinde islewge bag’darlaydi’, wolardi’n’ haqi’yqatli’qqa say keliwshi wo’z-wo’zin bahalawg’a u’yretiwden ibarat.

Wo’spirimler wo’zlerinin’ doslari’ pikirlerin ju’da’ qa’dirleydi. Bahalardi’ ani’qlawda si’rtqi’ wortali’qti’n’ ta’siri baqlanadi’. Doslari’na baha beriwde wolar birinshi wori’nda «Ku’shli, g’ayratli’, hesh na’rseden qori’qpaydi’» si’yaqli’ pazi’yletlerdi qoyadi’, bul pazi’yletlerden g’ana «ko’p biledi, ha’mme na’rseni qi’la aladi’, bilimli, nami’sli’, a’dalatli’» si’yaqli’ pazi’yletler ko’rsetiledi. Ata-analardi’n’ pikiri ko’binshe wolar wo’z ju’mi’slari’n jaqsi’ ko’rse, joqari’ a’dep-ikramli’li’q pazi’yletlerine iye bolsa abi’rayli’ boladi’.

Wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lar xi’zmetinin’ qaysi’ tu’rinde ha’m qanday da’rejede wo’zlerin ko’birek an’lawlari’n ani’qlaw maqsetinde «Sen qashan wo’zin’nen narazi’ bolasan’ ha’m qaysi’ jag’dayda sende wo’z minez-qulqi’n’di’ wo’zgertiriwdi qa’leysen’?» temasi’nda wo’tkezilgen jazba jumi’slar jaqsi’ na’tiyje berdi.

Ayti’p wo’tiw kerek, 5-6-klass woqi’wshi’lari’ wo’zlerinin’ xi’zmetin 1 yaki 2 tu’rde bahalaydi’. (mi’sali’, woqi’w, woyi’n tu’rlerinde) 7-8-klass woqi’wshi’lari’nda bolsa bir neshe tu’rlerde woqi’w, ja’miyetlik paydali’, sport, woyi’n, do’retiwshilik ha’m basqalarda. Bul jasta ma’na’wiy mashqalalar ha’m shaxsti’n’ wo’zin tasti’yi’qlawi’ menen baylani’sli’ bolsa barli’g’i’ ja’ma’a’ttegi wo’z-ara mu’na’sibetler, doslari’ menen qari’m-qatnas ja’ma’a’t islerinde aldi’n’g’i’ mashqalalardan biri boli’p tabi’ladi’.

Demek, wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lar shaxsi’y si’patlari’ni’n’ an’lani’wi’ ko’birek ja’ma’a’t ma’pleri menen baylani’sli’ bolg’an woqi’w xi’zmeti, shan’araqtag’i’ wo’z-ara mu’na’sibetler ko’binshe keyingi rejege tu’sip qaladi’.

Wo’zligin an’lawdi’n’ rawajlani’wi’ ha’m wo’z-wo’zin bahalawdi’n’ qa’liplesiwine ja’ma’a’t ju’da’ u’lken ta’sir ko’rsetedi. Ju’da’ ko’p jag’daylarda bolsa, woqi’wshi’lardi’n’ wo’z-wo’zin bahalaw da’rejesi klass ja’ma’a’tinin’

rawajlang'anli'q da'rejesine tuwri'dan-tuwri' baylani'sli' boladi'. Jaqsi' sho'lkemlesken woqi'wshi'lar ja'ma'a'tinde wo'z-wo'zin bahalawdi'n' xarakteri de wo'zgeredi.

Wo'z-wo'zin qa'liplestiriwde ja'ma'a't beretu'g'i'n baha u`lken a'hmiyetke iye.

Wo'z-wo'zin bahalawdi'n' qa'liplesiwine wo'z-ara xarakteristika da jaqsi' ta'sir ko'rsetedi. Sabaqta qatnasqan woqi'wshi'lar bahalardi' wo'zlerine, wo'zlerinin' ko'z-qarasi' menen quwatlaydi', ko'binshe klaslari'ni'n' bilimi, ziyrekligi, qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'na qarap qarar qabi'l yetedi. Bunday wo'z-ara mu'na'sibetlerde sali'sti'rmali' u'si'l u'lken a'hmiyetke iye. İnsan wo'zin basqalar menen sali'sti'rg'anda, wol basqa adamg'a teren' na'zer saladi' ha'm aldi'n basqalarda ko'rinip turg'an pazi'yletlerdi wo'zinde de payda yetiwge ha'reket yetedi.

## Birinshi bap boyi’nsha juwmaq

G’a’rezsizlik, ma’na’wiyat-ruwxi’y tikleniw, milliy wo’zligin an’law sharayati’nda ja’miyettin’ ha’r bir ag’zasi’n joqari’ puxarali’q ha’m ma’na’wiy-siyasiy a’dillik ruwxi’nda ta’rbiyalaw u’lken a’hmiyetke iye. Sebebi, ma’na’wiyatli’ insan, turmi’s ko’z-qaras na’zerinde ja’miyetlik paydali’ xi’zmette, wo’z imkaniyatlari’ ha’m ziyreklikleri menen xi’zmet yetedi.

İnsan ma’na’wiy jetikliginin’ tiykarg’i’ kriteriyasi’ ja’miyetlik paydali’ miynetke tayarli’g’i’ ha’m materialli’q-ruwxi’y azi’q islep shi’g’i’wda belsedilik penen qatnasi’wdan ibarat boladi’. Mektepti pitkergen wo’spirim, ja’miyetke payda keltiriw ushi’n miynet penen shug’i’llani’wi’ kerek. Jetik insandi’ qa’liplestiriwdin’ negizi, wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiw boli’p tabi’ladi’. Wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiw bu’gingi ku’nge kelip pedagogikani’n’ yen’ tiykarg’i’ mashqalasi’ boli’p qaldi’. Bir ja’miyetten yekinshisine wo’tiw, reformani’n’ jan’a basqi’shi’na ko’teriliwi ha’mme waqi’t, ha’r qanday millettin’ wo’zligin, wo’tmishin ha’m bu’gingi ku’nin jan’asha an’law, sog’an tiykarlani’p, keleshegin belgilewge qaratadi’.

Bul wazi’ypani’ na’tiyjeli wori’nlaw ha’r bir pedagogti’n’ wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zligin basqari’wdi’n’ mazmuni’, woni’n’ tu’rli usi’l ha’m formalari’n toli’q paydalani’wdi’ usi’nadi’. Bunda usi’ mashqalani’ toli’g’i’nsha jaslardi’n’ ma’na’wiy ta’rbiyasi’na, wolarda belsendi turmi’sli’q ko’z-qarasti’ qa’liplestiriw, ja’miyetlik paydali’ miynetke tayarlaw, ta’rbiyali’q ta’sirdin’ u’zliksizligin ta’minlew arqali’ pedagogikali’q processtin’ na’tiyjeliligi asadi’.

# II BAP. WO’SPİRİM JASTAG’I’ WOQI’WSHI’LARDI’ WO’ZLİGİN AN’LAW HA’M WO’Z-WO’ZİN BASQARI’WG’A U’YRETİWDİN’ FORMA, USI’L HA’M METODLARI’

## 2.1. Sabaq processinde - wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwdin’ tiykarg’i’ basqi’shlari’

Sabaq processine ha’r qanday basqa xi’zmet si’yaqli’, ruwxi’y xi’zmettin’ formalari’n payda yetetu’g’i’n sho’lkemlestriwshi process si’pati’nda qaraw lazi’m. Wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwdin’ tiykarg’i’ bo’limi boli’p qali’wi’ ushi’n woqi’w xi’zmetin qanday sho’lkemlestiriw kerek.

Mektepte u’yretiletu’g’i’n ha’r bir woqi’w pa’ni wo’zinin’ qurallari’ ha’m wo’z a’hmiyetine ta’n ra’wishte pu’tin woqi’w processi ushi’n uli’wma bolg’an ma’na’wiy ta’rbiya wazi’ypasi’n sheshiwge qarati’lg’an. Mektep woqi’w rejesi, woni’n’ da’stu’rleri pu’tin ta’lim processinde woqi’wshi’larda ma’na’wiy ko’z-qarasti’ tariyxi’y ra’wishte qa’liplestiriwge qarati’lg’an izbe-iz keshelerdi wori’nlawg’a bag’darlang’an. Wo’zbekstan Respublikasi’ni’n’ «Bilimlendiriw haqqi’nda»g’i’ ni’zami’ ha’m «Kadrlar tayarlaw milliy da’stu’ri»de ta’lim-ta’rbiya birligine ayri’qsha itibar berilgen [7,8].

Jan’a woqi’w da’stu’rleri ha’m wolar tiykari’nda jarati’lg’an ha’m jarati’li’p ati’rg’an sabaqli’qlar milliy ideologiya, milliy ha’m uli’wma insani’y qa’driyatlarg’a tiykarlang’an halda ma’na’wiyat ta’rbiyasi’ ushi’n ken’ imkaniyatlar ashi’p beriwi za’ru’r. 5-9-klaslarda ma’nawiy ko’z-qarasti’ qa’liplestiriwde tabiyat, ja’miyet, wolardi’n’ rawajlani’wi’na say qa’liplestiriwshi pa’n tiykarlari’n u’yreniw a’hmiyetli boli’p tabi’ladi’. Ko’z-qaraslar belsendiligi miynet, tu’rmi’s, wori’nlani’p ati’rg’an xi’zmetke bolg’an mu’na’sibette payda boladi’. Bunda ma’na’wiy ta’rbiyani’n’ tiykari’ social-gumanitar cikldag’i’ woqi’w pa’nlerine tiyisli boli’p, wolar insanlardi’n’

tu’rmi’s ta’jriybesin uli’wmalasti’radi’. Ayri’qsha woqi’w pa’nlerin wo’zlestiriw processinde woqi’wshi’larda ma’na’wiy a’dep-ikramli’li’q tu’sinikler, bilimler, ko’z-qaraslar biliw formasi’nda payda boladi’. Woqi’w da’stu’rlerinde ilmiy ha’m ma’na’wiy a’dep-ikramli’li’q dizimler uli’wmalasti’ri’li’wi’ za’ru`r.

Yeger da’stu’rde bilimler dizimi ani’q maqsetke bag’darlang’an bolsa, ma’na’wiy a’dep-ikramli’li’q tu’sinikler dizimin bilimler dizimi menen uli’wmalasti’ri’li’wi’ za’ru`r. Bunda woqi’wshi’lardi’n’ aqli’y, biliw imkaniyatlari’n rawajlandi’ri’wg’a na’tiyjeli ta’sir ko’rsetiw ushi’n woni’n’ turmi’s tajribesine su’yeniw lazi’m boladi’.

İlmiy izertlewler na’tiyjesinde ta’jriybeli ha’m aldi’n’g’i’ mektepler a’meliyati’nda sabaq processinde wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiw ushi’n to’mendegi sha’rtler wori’nlani’wi’ maqsetke muwapi’q boladi’:

a) ha’r bir sabaq processinde woqi’wshi’lar ma’na’wiy sanasi’ni’n’ barli’q tiykarg’i’ bo’limleri, ma’na’wiy a’dep-ikramli’li’q bilimler, motivler ha’m maqsetler, a’dep-ikramli’li’qti’n’ tiykarg’i’ formalari’n aktivlestiriw jobalasti’ri’lsa;

b) ta’lim mazmuni’ ma’na’wiy tu’sinikler ha’m a’dep-ikramli’li’q normalari’n woqi’w materiali’ ha’m pedagogikali’q ta’sirlerinin’ u’zliksiz bo’limi si’pati’nda ashi’p berse ha’m usi’ waqi’tta shaxsti’n’ tu’rmi’s bag’dari’, ko’z-qarasi’ni’n’ qa’liplesiwine jaqsi’ ta’sir ko’rsetse;

v) ta’lim usi’llari’ ha’m mazmuni’ menen woqi’wshi’ni’n’ is-ha’reketleri aktivlestirip, ma’na’wiy a’dep-ikramli’li’q talaplari’na juwap bermeytu’g’i’n ha’reketler payda boli’wi’ni’n’ aldi’ ali’nsa;

g) woqi’w processinin’ barli’q faktorlari’, dizimi, ayni’qsa, woqi’ti’wshi’ni’n’ woqi’wshi’g’a mu’na’sibeti, ja’ma’a’ttin’ shaxsqa ko’rsetip ati’rg’an ta’sirleri, woqi’wdi’n’ jeke, subektiv maqsetlerin social, obektiv maqsetlerge birlestiriwshi, woni’ obektiv mazmun menen tolti’ri’wshi’, wo’z-

wo’zin bahalawdi’ woqi’wshi’ni’n’ obektiv jag’dayi’na birlestiriwshi ma’na’wiy mazmuni’, motivlerin rawajlandi’ri’lsa;

d) ja’ma’a’t du’ziliwi woni’n’ woqi’wshi’ a’dep-ikramli’li’g’i’na, social-psixologiyali’q wortali’qqa qoyatug’i’n talaplari’ ha’r dayi’m bekkemlenip bari’li’wi’ ta’minlense.

Bul wazi’ypalardi’ a’melge asi’ri’w ushi’n mektep basqa institutlarg’a sali’sti’rg’anda u’lken imkaniyatlarg’a iye. Mektepte woqi’wshi’lar ta’jriybeli qa’nigeler, woqi’ti’wshi’lardi’n’ ha’r ta’repleme, maqsetke bag’darlang’an ilimiy tiykarlang’an ta’sirine dus keledi. Bu’gingi woqi’wshi’ni’n’ keleshekte qanday insan boli’p jetisiwi woni’n’ qanday woqi’g’anli’g’i’, woni’n’ milliy sanasi’ ha’m ruwxi’ qay da’rejede qa’lipleskenligine baylani’sli’.

Sabaq processinde wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiw ushi’n bul ko’nlikpelerdi woqi’wshi’da payda yetiw sabaqti’n’ ta’rbiyali’q maqsetlerinen biri si’pati’nda ali’p bari’li’wi’ kerek.

Sabaq processinde woqi’wshi’ni’n’ aqi’l da’rejesi, intellekti rawajlandi’ri’ladi’, maqsetke bag’darlang’an ma’na’wiy ta’rbiyasi’ bolsa, woni’n’ ishki sezimlerin rawajlandi’radi’, degen pikir mektep a’meliyati’nda teren’ wori’n alg’an. Biraq bul na’rse wonsheli duri’s yemes.

Ta’lim turmi’s xi’zmetinin’ jeke-motivli, sezimlerin woyatadi’. Turmi’sli’q xi’zmet bolsa wo’zlestiriw processinde a’dep-ikramli’li’qti’n’ motivli, sezimler tarawlari’n wo’zinde payda yetedi. Woqi’wshi’ woqi’ti’wshi’ni’n’ tu’sindiriwi, gu’rrin’in di’qqat penen ti’n’lasa, fizikali’q aktivlik, shoqli’q yetiw a’deti payda boladi’ ha’m wol jan’a jag’daydi’ bastan keshiredi. Yeger ta’rtipsiz woqi’wshi’ bolsa, aktiv, di’qqati’ ja’mlengen woqi’wshi’ jag’dayi’na tu’sedi.

Joqari’da a’dep-ikramli’li’qti’ marapatlawshi’ jag’daylar, keshirmeler, motivler woqi’w miyneti na’tiyjelerine juwapkershilik, ja’ma’a’t aldi’ndag’i’ ar-nami’s ha’m wazi’ypalari’n, woqi’wdi’n’ tek g’ana wo’zi ushi’n yemes, a’tiraptag’i’lar ushi’n da a’hmiyetli yekenligin an’laydi’.

Ma’na’wiy normalarg’a say keliwshi ma’na’wiy a’detler, a’dep-ikramli’li’q normalari’n qa’liplestiriw ta’lim maqset, sabaq maqsetinin’ tiykarg’i’ bo’limi boli’p yesaplanadi’.

Woqi’w-ta’rbiya processinde biz woqi’wshi’lar arasi’nda ma’na’wiy a’dep-ikramli’li’q, ag’arti’wshi’li’q islerin izbe-iz a’melge asi’ri’w kerek, sebebi woqi’wshi’lar bilim ha’m mag’li’wmat ali’w menen wo’z-wo’zinen ma’na’wiyatli’ boli’p qalmaydi’. Shaxs ju’da’ wo’tkir aqi’lli’ insan boli’wi’ mu’mkin, biraq ayiri’m a’dep-ikramli’li’q normalarg’a boysi’ni’w za’ru’rligin tu’sinbewi, wo’zinin’ sezimlerin an’lap jetpewi mu’mkin. Ta’biyati’ na’zik muzi’ka ti’n’law uqi’pli’li’g’i’na iye bolg’an adamlar, a’tirapi’ndag’i’lardi’n’ quwani’shlari’-qayg’i’lari’na qi’zi’qpawi’ mu’mkin. Demek, woqi’w pa’nleri wo’z-wo’zinen ma’na’wiy rawajlani’wdi’ ta’minley almaydi’. Wolar tek g’ana ma’na’wiy rawajlani’wg’a ja’rdem beredi. Woqi’wshi’ shaxsi’ ma’na’wiyati’n qa’liplestiriw ushi’n maqsetke bag’darlang’an ma’na’wiy a’dep-ikramli’li’q, ag’arti’wshi’li’q ta’lim-ta’rbiya ha’m woqi’wshi’ shaxsi’ni’n’ social xi’zmeti boli’wi’ za’ru’r.

Wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwdin’ tiykarg’i’ dizimin payda etiw u’shi’n woqi’wshi’ni’n’ bilimlerin iyelew processinde izbe-iz aqi’li’y xi’zmetin ko’rsetiwi, bul ha’reket woni’n’ sezimleri ha’m ma’na’wiy ko’rinisinin’ barli’q ta’replerin wo’z ishine ali’wi’ za’ru’r, kerisinshe jag’dayda woqi’wshi’ woqi’w processinen aji’rali’p qali’wi’, ta’rtipsizlikke, shoqli’qqa berilip ketiwi mu’mkin. Yag’ni’y ma’na’wiy a’dep-ikramli’li’q ha’m real a’dep-ikramli’li’q wortasi’nda u’zilis payda boladi’. Bul bolsa, wo’z na’wbetinde, ta’lim processinde woqi’wshi’ shaxsi’, woni’n’ bilimlerin bahalaw ha’m wo’z-wo’zin bahalawi’na qanshelli ta’sir yetiwine, wo’z-wo’zin ma’na’wiy bekkemlewge qay da’rejede umti’li’w woyata ali’wi’na baylani’sli’. Ko’rsetilip wo’tilgen wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiw birligin aktivlestiriw jollari’ woni’ woqi’w xi’zmet qurallari’nda qa’liplestiriwge ja’rdem beriwshi ta’lim-ta’rbiya processin sho’lkemlestiriwge tiykarlang’an.

Woqi’wshi’lardi’n’ qaraslari’n qa’liplestiriw uzaq dawam yetetu’g’i’n process. Woqi’ti’wshi’ni’n’ ha’r bir sabaqta wori’nlawg’a u’lgerip ati’rg’an na’rsesi kishi, mayda bo’leksheler boli’p, wolardan keyin woqi’wshi’larda ja’miyetke bolg’an ko’z-qaraslar boladi’. Ma’na’wiy ja’miyetke bolg’an ko’z-qaraslardi’ qa’liplestiriw processin maqsetke bag’darlang’an, keleshekti go’zlegen xalda a’melge asi’ri’w lazi’m. Sabaqlarda wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiw na’tiyjeliligin asi’ri’w ushi’n sabaq metriallari’n woni’n’ wo’zlestiriliwine qarap duri’s jaylasti’ri’w, ha’r tu’r sabaq formalari’nan wo’nimli paydalani’w kerek.

Tu’sinikler ha’m idealardi’ teren’lestiriw, wo’z-ara baylani’sli’ bilimlerdi birlestiriw, bir sistemag’a sali’w wolardan u’nemli paydalani’w tiykari’nda a’melge asi’ri’ladi’.

Na’zerimizde, mektepte woqi’ti’latu’g’i’n barli’q pa’nlerdin’, ayni’qsa, u’lken ta’rbiyali’q ku’shke iye bolg’an a’debiyatti’n’ tiykarg’i’ wazi’ypasi’ sonnan ibarat.

Shi’g’armalardi’n’ ko’rkem-ideali’q du’ziliwin sistemali’ analiz yetiw ma’na’wiy kriteriyalar qa’liplesiwine tiykar boli’p xi’zmet yetedi. Woqi’wshi’lardi’n’ social rawajlani’w ni’zamlari’n a’debiyattag’i’ realistlik sali’sti’ri’w, ayqi’nlasti’ri’w, obrazli’ uli’wmalasti’ri’w arqali’ aqlap jetiw ja’ma’a’t ideallari’n tu’siniwge ja’rdem beredi.

Ken’ ma’nistegi bilim, ta’jriybe, ko’nikpeler, turmi’sqa mu’na’siybetti wo’zine qarati’p ali’wshi’ qaraslar, sezim keshirmeler, umti’li’wlar, is-ha’reketlerde payda bolatu’g’i’n woqi’wshi’lardi’n’ jeke ta’jriybesinen paydalani’w social reforma ni’zamli’qlari’ haqqi’ndag’i’ tu’sinigin qa’liplestiredi. Bul na’rse woqi’wshi’lar bilimin wolardi’n’ birinshi uli’wmalasi’wlari’na qansheli say keliwin analiz yetiwge, woqi’wshi’lari’ dus keliwi mu’mkin bolg’an qarama-qarsi’li’qlardi’ aldi’nan ko’re ali’w, ha’r qanday jag’daylarda wolarg’a wo’z ta’jriybelerinen do’retiwshilik si’pati’nda paydalani’wg’a ja’rdemlesiw imkaniyati’n jaratadi’. Wo’zbetinshe biliw

processinde social rawajlani'w haqqi'ndag'i' ilimiy bilimlerdi qollaw woqi'wshi'larg'a du'nyani' ko'rkem-obrazli', pu'tin sa'wlelendiriw arqali' duri's bahalaw, an'lap jetiw imkani'n beredi. Bul istin' na'tiyjeliligi ko'p ta'repten woqi'wshi'lar, ayni'qsa, joqari' klass woqi'wshi'lardi'n' wo'zbetinshelik wori'nlaw da'rejesine baylani'sli'. Wo'zbetinshe biliw xi'zmetin rawajlandi'ri'w mashqalali' sorawlardan: usi' wazi'ypani' wori'nlawg'a bag'darlang'an lektsiyalardi' tayarlaw, shi'g'armalar ha'm ayri'qsha bo'limlerdi za'ru'r bag'darlarda ko'rkem-ideyalardi' analiz yetiw, wo'tiletug'i'n tema boyi'nsha sorawlarg'a juwap tayarlaw sabaqta da'lillew, ani'q mi'sallardi' talap yetiwshi diskussiya elementlerinen paydalani'w do'retiwshi ha'm mashqalali' xarakterdegi shi'g'armalar jazi'w; shi'g'armalar, jazi'wshi'ni'n' do'retiwshilik usi'li' wo'zgeshelikleri haqqi'ndag'i' birinshi ta'sir yetiwleri menen sa'wbetlesiw, wo'zbetinshe juwmaq arqali' na'tiyjege yerisedi.

Wo'z-wo'zinen ma'lim boladi', woqi'wshi' shaxsi' ko'z-qarasi'n qa'liplestiriwdin' tiykarg'i' usi'li' bul isendiriw boli'p tabi'ladi'. Biraq ayti'p wo'tiwimiz kerek, ko'z-qarasti'n' qa'lipleskenligi woni' biliw, ko'z-qaras boyi'nsha ko'p woqi'g'anli'q ha'm wol haqqi'nda da'liyller keltirilgen yemes, balki ko'z-qarasti' a'meliy qollaw, woni'n' ku'ndelik turmi'sta, barli'q xi'zmette payda boli'wi' menen belgilenedi. İnsanni'n' social xi'zmeti, woni'n' sho'lkemlestiriwshiligi, ta'rtibi, tapsi'ri'lg'an jumi'sqa juwapkershilik, insani'yli'q, adalatli'li'q, demokratiyali'q ja'miyetti payda yetiwdegi qatnasi' ha'm basqalar, wolarda ko'z-qaras qa'lipleskenliginin' tiykarg'i' ko'rsetkishleri ha'm kriteriyalari' boli'p eysaplanadi'.

Ma'na'wiy sanasi'ni'n' joqari'da keltirilgen bo'limleri-ko'z aldi'na yesleslewler, tu'sinikler, idealar wo'spirim jastag'i' woqi'wshi'lardi' wo'zligin an'law ha'm wo'z-wo'zin basqari'wg'a u'yretiw, wolardi'n' birligin qa'liplestiriwde xi'zmet ha'm a'dep-ikramli'li'q ko'rsetkishleri si'pati'nda u'lken a'hmiyetke iye.

### 2.2. Klastan ti’sqari’ ta’lim-ta’rbiya processinde wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lardi’n’ wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u`yretiw jollari’

Wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqara ali’w a’dep-ikramli’li’q normalari’n teren’ tu’siniw ha’m an’law, a’dep-ikramli’li’q si’patlari’ haqqi’ndag’i’ tu’sinigin duri’s qa’liplestiriw, ne jaman ne jaqsi’li’g’i’n aji’rata ali’w, sol waqi’tta wo’z a’dep-ikramli’li’g’i’, xarakterin bahalay ali’w, wo’zinin’ kemshilikleri ha’m jaqsi’ ta’replerin ko’re biliwdi talap yetedi. Bunda woqi’ti’wshi’ni’n’ wazi’ypasi’ wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lardi’n’ ma’na’wiy ideali’n qa’liplestiriwden ibarat boli’p yesaplanadi’. A’ne sol ideal tiykari’nda wo’spirimler wo’z aldi’na wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiw maqsetlerin qoyi’wlari’ ha’m wolarg’a yerisiwge umti’li’wlari’ lazi’m. Buni’n’ ushi’n sa’wbet metodi’nan paydalani’w maqsetke muwapi’q boladi’.

Sa’wbet wo’tkiziw bari’si’nda sog’an umti’li’w zaru’r, wo’spirimler insan wo’zin-wo’zi jarati’wdi’ tu’sinip jetisiwi, wolarda unamli’ ma’na’wiy idealdi’ payda yetiwge ja’rdem beriwshi duri’s a’dep-ikramli’li’q tu’sinik qa’liplestiriw za’ru’r. Woqi’wshi’lardi’ wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a ruwxi’y-pedagogikali’q ta’repten tayarlaw ju’da’ a’hmiyetli. Soni’n’ ushi’n wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’w, wolardi’n’ shaxs reformasi’ndag’i’ a’hmiyetin ashi’p beriwshi sa’wbetlerge itibar qarati’li’wi’ lazi’m. Bunday sa’wbetler ushi’n to’mendegi temalardi’ tan’law mu’mkin:

- insan wo’z xarakterin wo’zi jarata aladi’ ma
- wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yreniwdi neden baslaw kerek
- ulli’ insanlar wo’z u’stinde qanday islegen
- «Menin’ xarakterimde ne mag’an jag’adi’, ne jaqpaydi’?» si’yaqli’ temalarda wo’tkiziletu’g’i’n shi’g’armalar bolsa, wo’spirim jastag’i’

woqi’wshi’lardi’n’ wo’zleri, wo’z ishki du’nyasi’n qanday bahalawlari’, wo’z-wo’zin analiz yetiw, bahalaw ha’m ayi’ri’m a’dep-ikramli’li’q si’patlari’n qanday tu’siniwlerin ko’rsetip beredi.

Shi’g’arma na’tiyjeleri boyi’nsha «Sen wo’zin’ haqqi’n’da ne bilesen’?» yaki «Sen wo’zin’di bilesen’ be?» temasi’nda arnawli’ sa’wbet sho’lkemlestiriw ha’m wonda woqi’wshi’lar di’qqati’n wolardi’n’ wo’zligin an’lawlari’ ha’m wo’zin-wo’zi basqari’wlari’ ushi’n a’dep-ikramli’li’qqa tiyisli bilimler, ma’na’wiy normalardi’ duri’s tu’siniw ju’da’ a’hmiyetli yekenligine qarati’w kerek.

Shi’g’arma na’tiyjeleri unamli’ ma’na’wiy idealdi’ qa’liplestiriwge ja’rdem beretug’i’n kishpeyillik, g’a’rezsizlik, insani’yli’q ha’m basqa pazi’yletler haqqi’nda duri’s tu’sinik payda yetiwge qarati’lg’an bir qatar sa’wbetler temalari’n belgilep ali’wg’a imkan jaratadi’. Bul sa’wbetlerdi tayarlawda wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lar wo’zlerin bile tura, basqalar arqali’ jaqsi’raq an’lawlari’n yesapqa ali’w za’ru’r.

Wo’zligin biliw ha’m wo’z-wo’zin basqari’w ushi’n bolg’an ma’na’wiy bilimlerdi ken’eytiw ha’m wo’z ishki du’nyasi’n teren’irek tu’sinip ali’wg’a «Wo’mirimdegi tiykarg’i’ insan», «Dosti’m haqqi’nda», «Sen dosti’n’ni’n’ qaysi’ pazi’yletlerin qa’dirleysen’» si’yaqli’ temalarda wo’tkiziletu’g’i’n shi’g’armalar na’tiyjeli ja’rdem beredi. Ko’p jag’daylarda woqi’wshi’lardi’n’ wo’z ten’qorlari’ haqqi’ndag’i’ juwmaqlari’ ju’da’ wo’zine ta’n boli’p, klaslaslari’nda u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q woyatadi’. A’dette wo’spirimler wo’z doslari’nda, birinshi na’wbette, jaqsi’ ta’replerin ko’riwdi qa’leydi. Sonday shi’g’armalardan woqi’li’wi’ wolardi’ woylawg’a, wo’z ishki du’nyasi’n teren’irek tu’sinip jetiwine ja’rdem beredi.

Ma’na’wiy normalar, wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wdi’ ja’nede teren’irek tu’siniw ushi’n belgili insanlar turmi’si’, wolardi’n’ wo’zleride joqari’ ma’na’wiy si’patlardi’ qanday ta’rbiyalag’anli’qlari’na bag’i’shlang’an sa’wbetler u’lken a’hmiyetke iye.

Qaharmanlar, belgili ali’mlar, kosmonavtlar, ten’izshiler haqqi’ndag’i’ sa’wbetler woqi’wshi’larda u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q woyatadi’. Wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lardi’, wolardi’n’ wo’mir bayani’ menen tani’sti’ri’p, ta’g’dirleri, xarakterlerinin’ quramali’li’g’i’n ashi’p beriw, shaxs ja’miyet ushi’n paydali’ insan boli’p jetisiwinde tuwma, ta’biy ziyrekliliktin’ wo’zi kemlik yetiwi, bul ushi’n sana ha’m ruwxti’ izbe-iz ra’wishte bekkemlep bari’w zaru’rligin ko’rsetiw a’hmiyetli boladi’.

A’dette kalendarda belgilengen bayram ku’nine bag’i’shlang’an kesheler woqi’wshi’lardi’ wonsha qi’zi’qti’rmaydi’, buni’n’ u’stine bunday keshelerdi woqi’ti’wshi’ni’n’ wo’zi ali’p baradi’. Sonday yetiw kerek, bunday keshelerdi woqi’wshi’lardi’n’ wo’zleri tayarlasi’n ha’m ali’p barsi’n, woqi’ti’wshi’ wolarg’a toli’q yerkinlik beriwi kerek. Bul woqi’ti’wshi’g’a ha’r bir ali’ng’an ayri’qsha woqi’wshi’ni’n’ wo’zligin an’lag’anli’q ha’m wo’z-wo’zin basqari’w da’rejesin belgilep ali’w imkani’n da beredi.

Belgili insanlar turmi’si’ haqqi’ndag’i’ sa’wbetlerde wolardi’n’ wo’zleri u’stinde qanday islegenliklerine woqi’wshi’lar di’qqati’n qarati’w jaqsi’ na’tiyje beredi. Buni’n’ ushi’n ani’q mi’sal yetip ja’didshilik ha’reketinin’ ko’zge ko’ringen woyshi’llari’ A.Fitrat, A.Chulpan, M.Sufizada, A.Avlaniy, S.Majidov, Elbek, Xamza, A.Qadiriy ha’m basqalardi’n’ turmi’sli’q xi’zmeti, joqari’ ma’na’wiyat ha’m ag’arti’wshi’li’q shoqqi’si’na umti’li’wlari’ bari’si’ndag’i’ islerin ali’w mu’mkin. Wolardi’n’ wo’z u’stinde qansheli ko’p islegeni, wo’zleri ha’m jaratqan shi’g’armalari’ bolg’an qatti’ talapshan’li’g’i’, wo’z shi’g’armalari’n bir neshe ma’rtebe qayta jazg’anli’qlari’, wo’mirinin’ son’g’i’ demlerine shekem wo’zlerin ta’rbiyalaw menen shug’ullang’anli’g’i’, wo’zligin bekkemlew boyi’nsha da’stu’r ha’m rejeler du’zgenlikleri, bulardi’n’ barli’g’i’ wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lardi’n’ sanasi’ ha’m sezimine u’lken ta’sir ko’rsetedi, wolarda janli’ qi’zi’g’i’w woyatadi’, woylaw, pikirlew, wo’z u’stinde islewdin’ za’ru’rligin an’lap jetiwge qaratadi’.

Bunday sa’wbetlerden keyin woqi’wshi’larg’a ma’na’wiy pazi’yletlerdi teren’irek tu’siniwleri, xarakterler u’stinde ko’birek bas qati’ri’wlari’ ushi’n sa’wbetler tiykari’nda jazba isler wo’tkiziw maqsetke muwapi’q boladi’.

A’dep-ikramli’li’q temasi’ndag’i’ sa’wbetler woqi’wshi’lardi’n’ wo’z turmi’si’nan ali’ng’an, wolar shaxsi’ni’n’ jaqsi’ ha’m jaman si’patlari’n sa’wlelendiriwshi da’liyller menen tolti’ri’lsa, ma’na’wiy wo’zligin an’lawg’a ju’da’ u’lken ta’sir ko’rsetedi, wo’zligin an’law processin tezlestiredi, woqi’wshi’lardi’n’ wo’z u’stinde islewin aktivlestiredi. Woqi’wshi’lar turmi’si’nan bunday imkaniyatlardi’ tabi’w qi’yi’n, wolarg’a woqi’wshi’lardi’n’ wo’zleri pisent yetpesten qarasadi’, degen pikirler tiykarsi’z boladi’. Wo’spirimlerdin’ ko’z aldi’mi’zda a’melge asi’ri’p ati’rg’an u’lgili ha’reketlerine ko’pshilik jag’daylarda itibar bermeymiz. A’dette bul ha’reketlerde u’lken ta’rbiyali’q imkaniyatlar bar boladi’, ayni’qsa woqi’wshi’larda wo’z-wo’zin jaqsi’ bahalaw, wo’z shaxsi’na hu’rmet qa’liplesip ati’rg’an waqi’tta paydalani’w za’ru’r. Soni’n’ ushi’n da woqi’wshi’lardi’ ko’birek paydali’ miynetke tarti’w lazi’m. A’dette ja’miyetlik paydali’ miynet xi’zmeti na’tiyjeleri analiz yetilmeydi, marapatlaw yaki is jalg’an wori’nlang’an bolsa, kritika yetiw menen shegaralani’ladi’. Tiykari’nan, bolsa miynet na’tiyjeleri, miynet processindegi woqi’wshi’lardi’n’ is-ha’reketleri ha’m xarakterin sali’sti’rmali’ analiz yetiw wolar ta’repinen wo’z a’dep-ikramli’li’g’i’n duri’s basqari’wg’a xi’zmet yetedi ha’m wo’z-wo’zin duri’s bahalawdi’ rawajlandi’ri’wdi’n’ a’hmiyetli faktori’ yesaplanadi’. Soni’n’day, sali’sti’rmali’ analiz woqi’wshi’lardi’ wo’zlerin baqlawlari’ni’n’ a’hmiyetli faktori’ yesaplanadi’.

To’mende wo’zligin ma’na’wiy an’law ha’m bekkemlew, wo’z-wo’zin basqari’w ko’nikpelerin payda yetiwge ja’rdem beriwshi sa’wbetler temalari’n keltirip wo’temiz:

- Wo’zin’ haqqi’n’da ne bilesen’?
- G’a’rezsizlik wo’z-wo’zin basqari’wdan ibarat.

- Wo’zin’di wo’zin’ jarat.
- Menin’ kemshiliklerim ha’m wolar menen qanday gu’resiw kerek?
- Men nelerge yeristim?
- Dosli’q haqqi’nda sa’wbet.
- Yeger men ha’reket yetsem, neler islewim mu’mkin?
- Menmenlik ha’m uli’wma insani’yli’q.
- Yerkin boli’w neni an’latadi’?
- İnsani’yli’q ne?

Sa’wbet xarakteri woqi’wshi’lardi’n’ individual wo’zgesheliklerine baylani’sli’ ha’m tiykari’nan woni’ wo’zligin an’law ha’mde ayi’ri’m ma’na’wiy pazi’yletlerdin’ rawajlang’anli’g’i’na baylani’sli’.

Wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwde yestetika temasi’ndag’i’ sa’wbetler u’lken a’hmiyetke iye. Yestetikali’q sezim wo’zligin an’lawda a’hmiyeti u’lken. Wo’nerdin’ wo’zgesheligi ha’m woni’n’ qaytalanbasli’g’i’ sonda, wol insanda do’retiwshilikti payda yetedi, woni’n’ fantaziyasi’n ha’m tu’sinigin rawajlandi’radi’, go’zalli’qqa umti’li’wdi’ woyatadi’.

Yestetikali’q-ag’arti’wshi’li’q qorshag’an wortali’qtag’i’ go’zzalli’q tu’sinigin ashi’p, go’zzalli’q ha’m suli’wli’q, joqari’ ha’m to’men kriteriyalari’n payda yetiwge ja’rdem beredi. Estetikali’q tu’sinik insan haqqi’ndag’i’ a’dep-ikramli’li’q normalar, ja’miyet qa’diriyatlari’ndag’i’ go’zzalli’qti’ ko’re biliwge u’yretedi. Bulardi’n’ barli’g’i’ joqari’ estetikali’q talg’am, bay ma’na’wiy za’ru’rliklerdi qa’liplestiriwge ja’rdem beredi. Estetikali’q ta’rbiya ma’na’wiy ta’rbiyani’n’ a’hmiyetli wazi’ypalari’nan biri boli’p, woqi’wshi’larda ja’miyet ma’na’wiy normalari’na, qa’diriyatlari’na shaxsiy jaqsi’ mu’na’sibetti qa’liplestiredi.

Ko’rkem a’debiyatti’n’ wo’zligin an’law processine ta’sirin hesh na’rse menen almasti’ri’p bolmaydi’. Ko’rkem shi’g’armalar woqi’wshi’ sezimi, tu’sinigi, intellekti ha’m qabi’l yetiwine ta’sir ko’rsetedi, insani’yli’qti’

ta’rbiyalawda ken’ imkaniyatlar ashadi’, yen’ jaqsi’ insani’y pazi’yletlerdi sin’diredi, keleshegine xi’zmet yetedi. Ko’rkem shi’g’armalardag’i’ ideal obrazlar woqi’wshi’ni’n’ seziw ha’m intellektu’al xi’zmeti menen birlesip, woni’n’ wo’z ideali’n qa’liplestiriwge ja’rdem beredi. İdeal bolsa, wo’spirim sanasi’nda jetilisip shaxsti’n’ jaqsi’ pazi’yletlerin ta’rbiyalawda ha’reket da’stu’ri, tiykarg’i’ faktor boli’p xi’zmet yetedi.

İndividual sa’wbetler de wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’ni’n’ wo’zligin an’lawi’ ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwde u’lken a’hmiyetke iye. Bunday sa’wbetler wo’spirim qa’lbinde yekileniwler payda yetkende, wonda wo’zinin’ minez-qulqi’nan qatti’ narazi’li’q payda bolg’anda wo’tkizilse jaqsi’ na’tiyje beredi. Narazi’li’q sezimi wo’spirimdi wo’zinin’ kemshilikleri u’stinde woylani’w ha’m tiyisli bag’darda a’dep-ikramli’g’i’n analiz yetiwge ali’p keledi. Sonday payi’tlarda balalar yereseklerdin’ jaqsi’ sa’wbetlerine mu’taj boladi’. Bunday sa’wbetlerde woqi’ti’wshi’ woqi’wshi’dan so’zdin’ ta’rbiyali’q ma’nisin jasi’ra ali’wdi’ biliwi kerek. Wolarg’a wo’zinin’ jeke abi’rayi’ ha’m shaxsi’na tiyetug’i’n sa’wbetler ayni’qsa u’lken ta’sir ko’rsetedi.

## 2.3. Wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lardi’ wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwde shan’araq, mektep ha’m ja’ma’a’tin’ birligi

Pedagogika social wortali’qqa shaxsti’ qa’liplestiriwshi sha’riyat si’pati’nda qaraladi’. Ja’miyettegi social wortali’q wonda jasawshi’ shaxslar ta’repinen ma’deniyat (bilim, xi’zmet ha’m baylani’s u’si’llari’)i’n wo’zlestiriw, woni’n’ social rawajlani’w da’rejesin iyelewde payda boladi’.

Ta’rbiyali’q wortali’q wo’sip kiyati’rg’an a’wladqa ta’sir ko’rsetiw maqsetinde ja’miyettin’ barli’q basqi’shlari’nda qa’liplesetu’g’i’n socsial wortali’qti’n’ bir bo’limi dep tu’siniledi. Ta’rbiyali’q wortali’q tariyxi’y sha’rtlengen boli’p, differenciyalasti’ri’w wo’zgesheliklerine iye. Soni’n’ ushi’n da wol social-gumanitar bag’dardag’i’ pedagogikali’q-psixologiyali’q pa’nlerinde a’melge asi’ri’latu’g’i’n izertlewlerdin’ obyekti boli’p yesaplanadi’.

Tarbiyali’q wortali’q social wortali’q si’yaqli’ xarakterge iye. İndivid wortali’qti’n’ pu’tinligi-bul shaxs mu’ta’jlikleri rawajlani’wi’ni’n’ barli’q da’rejelerinde tu’rmi’sli’q xi’zmetin ta’miynlewshi sha’riyatlar ji’yi’ndi’si’; bul wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’ni’n’ wo’zin ko’rsete ali’wi’, social mu’ta’jlikler da’rejesinde social xi’zmetin ta’miynlewshi sha’riyatlari’ boli’p tabi’ladi’. Bul wori’nda soni’ ayti’w kerek, shaxsti’n’ ideal mu’ta’jlikler da’rejesi ha’r tu’rli boladi’.

İnsanni’n’ aqi’li’y ha’m fizikali’q miynetke mu’na’sibeti woni’n’ qa’lbi, ruwxi’yati’ miyneti menen belgilenedi. İnsan turmi’si’ndag’i’ ma’na’wiy ko’z-qaraslar, woni’n’ ma’na’wiy mu’ta’jlikleri haqqi’nda filosoflar, jazi’wshi’ ha’m shayi’rlar ko’p jazg’an. Wolar insanni’n’ wo’z-wo’zin biliwi, an’lawi’, rawajlandi’ri’wi’, bekkemlendiriwi, aktivlestiriwdi ta’miynlewshi insan miyneti na’tiyjesinde wo’zin insaniyatti’n’ aji’ralmas bo’legi dep an’lang’an ha’m sezgen. Soni’n’ ushi’n da insanlar arasi’nda turmi’s keshiriwge tayar shaxsti’n’

qa’liplesiwi woni’n’ sanasi’, birgelikte jasaw ha’m miynet yetiwdi biliwi menen xarakterlenedi.

Wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’ni’n’ rawajlani’wi’, social jag’dayi’nda u’zilisler payda bolg’anda: shan’araqtag’i’ jaman sharayatlar, awi’r psixologiyali’q wortali’q, toli’q yemes shan’araq, ma’sku’nemlikke berilgen ata yaki pu’tin shan’araq, bala ta’rbiyasi’ndag’i’ woqi’ti’wshi’ yaki ata-analardi’n’ pedagogikali’q qa’telerdi unamli’ sheshimge keliwdegi birgeliktegi isler jaqsi’ a’hmiyetke iye. Sol ha’m sog’an uqsas pedagogikali’q ag’i’mlar woqi’wshi’lar rawajlani’wi’ sha’riyatlari’n jaqsi’lawdi’n’ profilaktikali’q ha’m ta’rbiyali’q kesheleri rejelestirilgen balalar baqshasi’, woqi’ti’wshi’lar ja’ma’a’ti, ja’ma’a’tshilik, islep shi’g’ari’w ja’ma’a’tleri ta’rbiyashi’lari’ni’n’ di’qqat worayi’nda boladi’.

Bunnan ti’sqari’, balalar mekemeleri, ta’rbiyashi’lari’ ha’m baslawi’sh klass woqi’ti’wshi’lari’, wolardi’ mektepke tayarlaw boyi’nsha ata-analar ja’rdem beredi. Balani’ mektepke tayarlaw- bul kesheler (fizikali’q shi’ni’g’i’wlar, shaxsti’n’ ma’na’wiy qa’liplesiwi, xarakter, wo’z-wo’zin biliw ha’m tag’i’da basqa) tiykarlari’, biliwge qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n rawajlandi’ri’w kompleksi boli’p tabi’ladi’.

Wo’spirimlik jasi’nda g’alaba xabar qurallari’, ten’-qorlar topari’, ko’rkem wo’ner ha’m a’debiyatti’n’ balalarg’a ta’siri ju’da’ ku’sheydi. Bul jastag’i’ woqi’wshi’lardi’n’ mektepten ti’sqari’dag’i’ ta’rbiyasi’na da’stu’riy aji’ralmas u’shlik - shan’araq, mektep, ja’ma’a’tshilikti sho’lkemlestiredi.

Wo’spirim sociu’mi’ worayi’nda wo’spirimnin’ wo’zi turadi’, a’tirapi’n worap turg’an barli’q insanlar wo’spirim ta’repinen aktiv ha’m saylanba ta’rizde a’melge asi’ri’ladi’. Bul jastag’i’ ul ha’m qi’z balalar wo’zlerinin’ jaqi’nlari’: ata-analari’, ag’a-u’ke, apa-sin’il, babalari’n wo’z a’tirapi’na kiritpewleri mu’mkin. Wo’spirimler sociu’mi’ - bul wolardi’n’ turmi’si’, woqi’wi’, tani’s-bilisleri, ishki turmi’si’ boladi’.

Birgelik sha’riyatlari’nda pedagogikani’n’ a’hmiyeti artadi’. Pedagogika pa’ni process analizin berip qalmay, sol analiz tiykari’nda konstruktiv usi’ni’slar islep shi’g’i’wi’ lazi’m. Na’zerimizde, ha’zirgi waqi’tta ali’mlar analizinen izertlew obektin u’yreniwdin’ izbe-izke wo’tiwleri lazi’m. Wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lardi’n’ tu’rmi’s ta’rzin u’yreniw, wolardag’i’ ta’rbiyali’q imkaniyatlari’n ani’qlaw za’ru’r.

Wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’lardi’ wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwde shan’araqlar basli’qlari’ bolg’an insanlardi’n’ roli u’lken. Milletimiz wa’killeri sanasi’nda awi’l «kishi watan» si’pati’nda mo’rlenip qalgan. Soni’n’ ushi’n bolsa kerek «Watan bosag’adan baslanadi’» degen so’z xalqi’mi’z arasi’nda ma’lim ha’m belgili.

Haqi’yqati’nda da, ma’ka’n ken’esleri arqali’ u’lken ta’rbiyali’q kesheler a’melge asi’ri’lmaqta, xalqi’mi’zdi’n’ qa’driyatlari’, da’stu’rleri, ata-babalari’mi’z ko’rsetken qaharmanli’qlar jaslar sanasi’na sin’dirilmekte.

Bir balag’a wo’zi tuwi’li’p wo’sken ma’ka’n g’ana yemes, xalqi’mi’z so’zi menen aytqanda, «jeti awi’l ata-anali’q yetedi». Bul ga’ptin’ asti’nda ju’da’ u’lken ta’rbiyali’q ma’ni jatadi’, yag’ni’y balani’n’ a’dep-ikrami’, minez-qulqi’, wo’zin tuti’wi’, qalaberse, bilim ha’m ko’nikpelerinin’ qa’liplesiwi ushi’n awi’l puxaralari’ juwapker boladi’. Soni’n’ ushi’n da awi’ldan shi’qqan belgili insanlar, ma’mleket ha’m ja’ma’a’t a’rbaplari’, ali’mlari’, shayi’rlari’ menen awi’l puxaralari’  ha’r dayi’m maqtani’p ju’redi. Wo’z na’wbetinde, sonday insanlar da wo’z awi’li’n hesh qashan umi’tpaydi’.

Wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wdi’n’ yen’ birinshi, tiykarg’i’ ha’m ko’p ta’sir ko’rsetiwshi ta’rbiyashi’si’ awi’l puxaralar ji’yi’ni’ boli’p tabi’ladi’. Ma’ka’n ken’eslerine jergilikli ha’kimiyat wa’killerinin’ beriliwi de tegin yemes. Ma’ka’n ken’esleri ha’r bir shan’araq shejiresi, wondag’i’ wortali’q, materialli’q ha’m ma’na’wiy imkaniyatlari’n ju’da’ jaqsi’ biledi. Ma’ka’n turg’i’nlari’ni’n’ shan’araqtag’i’ psixologiyali’q wortali’q,

shan’araq ag’zalari’ni’n’ a’dep-ikramli’li’g’i’ haqqi’ndag’i’ pikirinin’ ta’sir ku’shin hesh na’rse menen sali’sti’ri’p bolmaydi’.

Jaslar wo’zligin an’lawdi’n’ da’slepki ha’m yen’ u’lken sabag’i’n awi’l puxaralar ji’yi’ni’nan aladi’. Yeger bala ayi’pli’ is qi’li’p qoysa, awi’llaslari’, ayni’qsa, ko’pti ko’rgen kekselerdin’ «senin’ baban’ wonday yedi, senin’ atan’ baban’ni’n’ ju’zin hesh qashan jerge qaratpag’an, sen kimge tartti’n’?» degen so’zi woni’n’ sanasi’, ruwxi’, denesine sin’ip ketedi ha’m wol ha’r qanday jag’dayda da wo’zinin’ nasil-na’sebi, abroyi’na daq tu’sirmewge umti’ladi’. Awi’l wo’spirim ushi’n «Ba’rekella, atan’a mu’na’sip perzent boli’psan’!» degen maqtawdi’ yesitiwden u’lken baxi’t bolmasa kerek. Soni’n’ ushi’n da wo’spirimlerdi wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwde mektep ha’m awi’l puxaralar ji’yi’ni’ birgelikte yen’ za’ru’r pedagogikali’q faktorlari’nan biri boli’p yesaplanadi’.

Shaxs ma’na’wiyati’ni’n’ tiykari’n wo’zligin an’law, wo’z-wo’zin ja’miyettin’ a’dep-ikramli’li’q normalari’ a’tirapi’nda basqara ali’w sho’lkemlestiredi.

Ma’na’wiyat qa’liplesiwinin’ tiykari’ bolsa wo’zligin ha’m du’nyani’, turmi’s mazmuni’n biliw, keyin bolsa an’law bari’si’nda wo’z-wo’zin ja’miyet ha’m turmi’s qoyatug’i’n talaplar, normalar, wo’z hu’jdan a’mirine mas ra’wishte a’dep-ikramli’li’g’i’n basqari’wdan ibarat.

Biz ta’jriybe mekteplerinde ma’na’wiyat ta’rbiyasi’ boyi’nsha is jobalari’, mektep ha’m klass basshi’lari’ni’n’ xi’zmeti menen tani’si’w na’tiyjesinde sonday juwmaqqa keldik mektepte woqi’wshi’lardi’ ma’na’wiy qa’liplestiriwge u’lken itibar qarati’lmaqta. Mektep ha’m klass basshi’lari’ is jobalari’nda ma’na’wiyat ha’m ag’arti’wshi’li’q ma’selelerine ken’ wori’n berilgen. Sol bag’darda jobalasti’ri’lg’an keshelerdi wo’tkiziwdin’ ani’q imkaniyatlari’ bar. Pedagoglardi’n’ ma’na’wiyat ha’m ag’arti’wshi’li’q bari’si’ndag’i’ bilimleri, pedagogikali’q sheberligi, ta’jriybesi jeterli.

Milliy watanparwarli’q, ar-nami’s, wazi’ypa ha’m sadi’qli’li’q si’yaqli’ ma’na’wiy a’dep-ikramli’li’q sezimlerdi qa’liplestiriw ha’m rawajlandi’ri’wg’a qarati’lg’an kesheler izbe-iz ta’rizde wo’tkizilip bari’ladi’. Bul haqqi’nda shan’araq ha’m ja’ma’a’tshilik penen birigip islesiw jolg’a qoyi’lg’an. Miynet ha’m uri’s veteranlari’, belgili insanlar menen ushi’rasi’wlar wo’tkizilip bari’ladi’.

Ulli’ babalari’mi’z, wolardi’n’ turmi’si’ ha’m xi’zmeti, ja’miyet ma’deniyati’na qosqan u’lken u’lesleri ha’m miyraslari’ woqi’wshi’lar sanasi’na sin’dirilmekte. Milliy u’rp-a’detler ha’m qadriyatlardi’ u’yreniw, wolardan ma’na’wiyat ta’rbiyasi’nda ken’ paydalani’w qanaatlandi’rarli’ jolg’a qoyi’lg’an.

Ma’na’wiyat ta’rbiyasi’ na’tiyjeliligin asi’ri’w maqsetinde rayon ha’m oblast masshtabi’nda seminarlar wo’tkizilip turi’ladi’, bul haqqi’nda aldi’n’g’i’ pedagogikali’q ta’jriybeler ja’riyalanadi’.

Ji’lda bir ma’rtebe mekteplerde wo’z-wo’zin basqari’w ku’ni wo’tkiziledi. Bunda woqi’wshi’lar mektep administratsiyasi’ woqi’ti’wshi’-ta’rbiyashi’lar rolinde qatnasadi’, wo’zbetinshe xi’zmet ko’nikpelerin payda yetedi.

Lekin soni’ ayri’qsha ayti’p wo’tiw lazi’m, pedagogikali’q a’meliyatda wo’spirimlerdi wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wdi’ u’yretiwge qarati’lg’an ani’q pedagogikali’q kesheler islep shi’g’i’lmag’an. Wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’w tu’sinikleri haqqi’nda pedagoglar, klass basshi’lari’ni’n’ ko’pshiligi toli’q ha’m ani’q tu’siniklerge iye yemes. Sabaq processinde woqi’ti’wshi’lar woqi’wshi’lardi’n’ yerkinligin sheklep qoyadi’, klass jumi’slari’n yerkin wori’nlawg’a kem itibar beriledi yaki wolar yerkin wori’nlansa da is processinde dus keletu’g’i’n mashqalalar woqi’ti’wshi’ ta’repinen sheshiledi.

Wo’z-wo’zin baqlaw, analiz yetiw, yerkin na’tiyjeler shi’g’ari’w ha’m wo’z-wo’zin bahalaw si’yaqli’ ta’rbiya usi’llari’ sabaqlarda qollani’lmaydi’.

Woqi'ti'wshi'lar woqi'wshi'lar wo'zlerinin' belsendiligi ha'm do'retiwshiligin payda yetiwi mu'mkin bolg'an da'stu'riy yemes sabaqlardan kem paydalanadi'.

Ko'binese woqi'wshi'larda wo'zligin an'lawda wo'z-wo'zin basqari'wg'a umti'li'w pedagoglar, ata-analar ja'ma'a'tshiliktin' ja'rdemisiz stixiyali' ta'rizde keshedi. Woqi'wshi'lardi'n' wo'z u'stinde islewleri baqlanbaydi'. Wo'z u'stinde islewge ja'rdem beriwshi jol-jobalar, joba yaki da'stu'rler joq. Bazi' bir jag'daylarda bul is formasi' klass basshi'lari'ni'n' is jobalari'na da kiritilmegen.

Ayri'm klaslardi'n' ja'ma'a't si'pati'nda qa'lipleskenlik da'rejesi talapqa juwap bermeydi, sol sebepli ja'ma'a'ttin' wo'z ag'zalari'na talapshi'n'li'g'i' da ju'da' pa's. Bul jag'day, woqi'wshi'lardi'n' wo'zlerine bolg'an talapshan'li'q da'rejesinin' to'menliginde de wo'z worni'n tapqan.

Ma'na'wiyat ta'rbiyasi' processinde wo'spirimlerdin' individual ha'm jas ayi'rmashi'li'qlari'na kem itibar qarati'ladi'. Woqi'wshi'ni'n' qi'zi'g'i'wshi'li'qlari', ideallari', arzi'wlari', turmi'sli'q maqsetlerin qa'liplestiriw bag'dari'nda u'zliksiz izbe-iz ju'mi's ali'p bari'lmaydi'. Bul ishki faktorlardi'n' woqi'wshi' wo'zligin an'lawi' ha'm wo'z-wo'zin basqari'wg'a u'yreniwdegi a'hmiyeti pedagoglar ta'repinen jeterli bahalanbaydi'. Woqi'wshi'ni'n' qi'zi'g'i'wshi'li'qlari', ideallari', arzi'wlari', turmi'sli'q maqsetlerin qa'liplestiriw usi'llari' ha'm jumi's formalari' bekkemlenbegen, wolardi' tan'lawda woqi'wshi'lardi'n' jas ha'm individual ayi'rmashi'li'qlari' ha'm basqa si'rtqi' ta'sirler yesapqa ali'nbag'an boladi'.

Joqari' klaslarda kritika ha'm wo'z-wo'zin kritikalaw rawajlanbag'an. Woqi'wshi' xi'zmetin ja'ma'a't ta'repinen bahalani'wi' ha'm wo'z xi'zmetin wo'zi bahalawg'a az itibar beriledi yaki pu'tkilley na'zerden ali'p taslanadi'.

Pedagoglar, mektep ja'ma'a'ti woqi'wshi'lar sezim du'nyasi'n u'yreniwge kem itibar beredi. Barli'q woqi'wshi'lar da har dayi'm yaki waqti'nsha ja'ma'a't tapsi'rmalari'n wori'nlamaydi' yaki bunday tapsi'rmalardi' almag'an boladi'. Pedagoglar ja'ma'a't tapsi'rmalari'ni'n' bul yeki tu'rinen

woqi’wshi’ni’n’ rawajlani’wi’, a’dep-ikramli’li’g’i’ndag’i’ wol yaki bul sezimlerin bekkemlew yaki joq yetiw maqsetinde paydalanbaydi’.

Mekteplerdin’ ma’na’wiyat ha’m ag’arti’wshi’li’q isleri boyi’nsha direktor wori’nbasarlari’ wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwge xi’zmet yetiwshi ayri’qsha tu’sinikler, ma’na’wiy bilimler ha’m ko’nikpelerdi woqi’wshi’lar sanasi’nda qa’liplestiriwdi talap yetpeydi.

İnsanni’n’ wo’z aldi’na qoyatug’i’n maqseti wo’zligin an’lawdi’n’ tabi’sli’ rawajlani’wi’n ta’miynlewshi yen’ za’ru’r faktorlari’nan biri. Soni’n’ ushi’n wo’spirimge wo’z aldi’na maqset qoyi’w ha’m wog’an yerisiwdi u’yretiwde to’mendegilerge itibar beriw lazi’m: woqi’wshi’lardi’ ku’ndelik ani’q wazi’ypalar (ku’n ta’rtibi)in wori’nlaw, wo’z waqti’n jobalasti’ri’w, uyqi’ aldi’nan ku’nge juwmaq jasaw, ku’n son’i’nda wo’z-wo’zine yesap beriw, ku’ndelik ju’ritiwge u’yretiw, wo’zligin tez an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’w ko’nikpelerin iyelewge ja’rdem beredi.

## ULI’WMA JUWMAQLAR

Wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’w bir-biri menen wo’z-ara baylani’sli’ tu’sinikler boli’p yesaplanadi’. Wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wdi’n’ tiykarg’i’ sha’rti, woni’n’ a’dep-ikramli’g’i’nda payda boladi’.

Wo’zligin an’lawdi’n’ u’sh tiykarg’i’ bo’limleri-kognitiv (biliw), wo’z-wo’zine qatnas (sezim) ha’m wo’zligin payda yetiwdin’ tiykarg’i’ bo’limlerin woqi’wshi’ shaxsi’nda qa’liplestiriw, wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwdin’ pedagogikali’q faktorlari’ boli’p yesaplanadi’. Bulardi’n’ tiykarg’i’ bo’limleri to’mendegilerden ibarat:

a) wo’zligin (kognitiv)` wo’z-wo’zin-baqlaw, analiz yetiw, baqlaw ha’m bahalaw;

b) wo’z-wo’zine mu’na’sibet (sezim) shaxsti’n’ ishki bag’dari’, qadriyatli’ bag’darlar, wo’zine talapshan’li’q, wo’z-wo’zin tu’siniw;

v) izbe-iz basqari’w (regulyator) wo’z-wo’zin-seze ali’w, tayarlaw, qayta quri’w, marapatlaw, ta’sir yetiw.

Wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwdin’ yen’ za’ru’rli faktori’ bul wo’spirimlik da’wirinde (12-16 jas) woqi’wshi’da wo’z ishki du’nyasi’na bolg’an qi’zi’g’i’w ayqi’n payda boladi’. Soni’n’ ushi’n pedagoglardi’n’ wo’zligin an’law ha’m wo’z-wo’zin basqari’wg’a u’yretiwde qi’zi’g’i’wdi’n’ payda boli’wi’ ha’m qa’liplese baslaw da’wirin wo’z waqti’nda bilip ali’w ha’m woni’ jog’altpastan ibarat boladi’.

Tap sol dawirde wo’spirimlerde ideallardi’ qa’liplestiriw, turmi’sli’q maqsetlerdi belgilew ushi’n qolay obektiv ha’m subektiv faktorlar ju’zege keledi. Wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’larda qorshag’an wortali’qti’ biliw, wonda wo’z worni’n belgilep ali’wg’a umti’li’w ku’sheyedi. Wo’spirim jastag’i’ woqi’wshi’ni’n’ shaxsi’na bolg’an qi’zi’g’i’wi’ artadi’, wolardi’n’ a’dep-ikramli’g’i’n baqlaw, analiz yetiw bari’si’nda wo’z minez-qulqi’n wo’zgelerdin’ a’dep-ikramli’li’q normalari’ ha’m ideallari’na qansheli say

yekenligin wo'zgeler ko'zi menen qarap, wolardi'n' ko'z-qarasi' menen bahalaydi'.

Bunnan basqa da wo'zligin an'law ha'm wo'z-wo'zin basqari'wg'a u'yretiwdin' woqi'wshi'g'a hu'rmet, wonda yerkin xi'zmet ko'nikpelerin qa'liplestiriw, wo'z u'stinde islewge marapatlawdi' payda yetiw, wo'zbetinshe bilim ali'wg'a umti'li'wdi' qa'liplestiriw ha'm bag'darlaw si'yaqli' subektiv-pedagogikali'q faktorlar da bar, wolardi' birlestiriw ha'm go'zlengen maqsetke bag'darlaw ta'rbiyali'q is na'tiyjeliligin belgileydi, pedagogikali'q ta'sirin ku'sheytedi.

Wo'zligin an'law ha'm wo'z-wo'zin basqari'wg'a u'yretiwde si'rtqi' sharayat ha'm faktorlardi'n' a'hmiyeti u'lken. Ja'ma'a'tdegi wortali'q, ja'ma'a'tshilik pikiri, woni'n' qa'lipleskenlik da'rejesi, wo'z ag'zasi'na talapshan'li'g'i', wo'z-ara ja'rdem, ja'ma'a't baqlawi' ha'm basqalar wo'spirim jastag'i' woqi'wshi'ni'n' rawajlani'wi'na ta'sir ko'rsetiwi, woni'n' bag'dari'n belgilep beriwi mu'mkin.

Wo'zligin an'law ha'm wo'z-wo'zin basqari'wg'a u'yretiwdin' za'ru'r si'rtqi' faktori'-bul shan'araq, mektep ha'm ja'ma'a'tshiliktin' birligi boli'p tabi'ladi'. Sol sebepli bul u'sh ta'rbiya subektlerinin' pedagogikali'q talaplari'n birlestirip ha'm bir sistemag'a keltiriw wo'spirim ta'rbiyasi'na na'tiyjeli ta'sir ko'rsetedi.

Sonday yetip, shaxs qa'liplesiwi processinde wo'zligin an'law ha'm wo'z-wo'zin basqari'wg'a bolg'an za'ru'rlik payda yetiwshi a'hmiyetke iye bolg'an da'wir-wo'spirimlik da'wirden wolarda unamli' ma'na'wiy pazi'yletlerdi qa'liplestiriw ha'm rawajlandi'ri'w, turmi'sli'q maqset ha'm aktiv turmi'sli'q ko'z-qarasti' qarar tapti'ri'w ha'm bekkemlew isinde maksimal da'rejede paydalani'w zaru'r. Bul da'wirdi wo'z waqti'nda an'lap jetiw ha'm woni'n' ta'rbiyali'q processin sho'lkemlestiriwdie yesapqa ali'w shaxs qa'liplesiwin aktivlestiredi.

## PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR:

1. Karimov İ. Buyuk maqsad yo’lidan og’ishmaylik.-T.: «O’zbekiston», 1993. -48 bet.

2. Karimov İ. «O’zbekiston XXI’ asr bo’sag’asida: xavfsizlikka tahdid, barqarorlik shartlari va taraqqiyot kafolatlari»-T.: «O’zbekiston» 1997 . - 328 bet.

3. Karimov İ. Barkamol avlod-O’zbekiston taraqqiyotining poydevori. -T.: «Sharq», 1997. - 63 bet.

4. Karimov İ. O`zbekiston buyuk kelajak sari. -T.: «O`zbekiston», 1998 . - 682 bet.

5. Azizxo’jaev A. Mustaqillik: kurashlar, iztiroblar, quvonchlar.-T: Sharq, 2002.-112 b.

6. O`zbekiston Respublikasining Konstitutsiyasi. –T.: «O`zbekiston», 1998. -8-21 betlar

7. O`zbekiston Respublikasining «Ta`lim to`g`risida» Qonuni: Barkamol avlod O`zbekiston taraqqiyotining poydevori. –T.: «Sharq» nashriyot- matbaa kontserni. 1997.-20-29 betlar

8. O`zbekiston Respublikasi «Kadrlar tayyorlash milliy dasturi» Barkamol avlod O`zbekiston taraqqiyotining poydevori. -T.: «Sharq» nashriyot-matbaa kontserni 1997.-31-61 betlar

9. Abu Rayhon Beruniy «Ruhiyat va ta`lim-tarbiya haqida».–T.: «O’qituvchi» 1992.

11. Avloniy A. Guliston yoxud axloq. –T.: 1999.

12. Aminova R.X Sovet O`zbekiston xotin - qizlari. –T.: 1985 . -22 bet.

13. Ajdodlar o’giti. -T.: «Cho’lpon», 1991 . -240 bet.

14. Azarov Yu. Semeynaya pedagogika. «Izd.polit. liter.-M.: 1982. -224 s.

15. Anikeva N.P. «Jamoada ruhiy muhit: -T.: «O’qituvchi», 1993.

16. Axloq-odobga oid hadis namunalari .-T.: Fan, 1998.

17. Ahmadjonova F. Adabiyot va axloqiy tarbiya. -T.: «O’zbekiston», 1998. -32 bet.

18. Bolavadze T. O’smir shaxsi va unga tarbiyaviy ta`sir o’tkazish. Sovet maktabi.1990 . 5-son ,-19-29 betlar.

19. Vigotskiy L.S. Sobr. Soch: V 6-tomax. T.4.-M.: 1984.

20. G`oziev E. Psixologiya (yosh davrlari psixologiyasi). – T.: O’qituvchi, 1994.-224 b.

21. Davletshin M.G. va boshqalar. Qobiliyat va jins diagnostikasi» -T.: «O’qituvchi», 1989. -134 bet.

22. Davidov V.V Lichnosti nado «videlat`sya» Schego nachinaetsya lichnost`. -M.: 1989 g.

23. Yo’ldoshev J. O’zbekiston Respublikasi ta`lim taraqqiyot yo’lida. –T.: O’qituvchi, 1994. -98 bet.

24. Klarin M.V. Innovatsionnie modeli obucheniya v sovremennoy zarubejnoy pedagogike. J. «Pedagogika», M.,1994, №5, - 104-109 s.

25. Leontev A.N. Deyatel`nost soznanie lichnosti. –M.: 1985.-304 s.

26. Leontev A.N. Problemi razvitiya psixiki. –M., 1982. -97 s.

27. Lerner. İ.Ya. Protsess obucheniya i ego zakonomernosti. –M.: Znanie, 1980. – 96 s.

28. Maxmudova M. Vospitanie obshestvennoy aktivnosti u mladshix shkol`nikov. AKD. –T.: 1994.

29. Musurmonova O. O’qituvchilarning ma`naviy madaniyatini shakllantirish. -T.: «O’qituvchi», 1997.

30. Mirenskiy B.A. Oila va o’smir. –T.: «O’qituvchi», 1991. – 48 bet.

31. Munavvarov A. Oila pedagogikasi. -T.: «O’qituvchi», 1994. -100-101 bet.

32. Onishuk V.A. Tipi, struktura i metodika uroka v shkole. –K.: Radyanskaya shkola, 1986. – a184 s.

33. Ochil. S. Mustaqillik ma`naviyati va tarbiya asoslari: -T.: «O’qituvchi», 1997 . -208 bet.

34. Siddiqov T., Xamroev T. Axloqiy taraqqiyot. «O’zbekiston», -T.: 1980. -31 bet.

35. Usmonov R. Farzand umr mevasi. «O’zbekiston», -T.: 1982. -40 bet.

36. Qurbonov S., Soliev T. Yangicha tafakkur va hozirgi dunyo. -T.: «O’zbekiston», 1991.

37. Hasanov A. O’qituvchi-yoshlar tarbiyasida rag`batlantirish va tanbeh mezoni. -T.: «O’zbekiston», 1980. -32 bet.

A`jiniyaz atindag`i No`kis Ma`mleketlik pedagogikaliq instituti Magistratura bo`lim «Pedagogika» qa`nigeliginin` magistranti Jumanov Medettin` «**Joqari pedagogikaliq bilimlendiriw sistemasinda bolajaq oqitiwshilardin` kommunikativlik ko`nlikpelerin qa`liplestiriw**» temasinda jazg`an magistrliq dissertatsiyasina

**P I K I R**

Ha`zirgi ku`nde na`tiyjeli kommunikativlik ko`nlikpelerdi aniqlaw ha`m olardi a`meliyatqa en` jaydiriw mashqalalarin u`yreniw birinshi da`reje bolip esaplanadi. Tiykarg`i itibar oqiw predmetinin` bilim aliw ta`replerine qaratilg`an. Onin` ta`rbiya menen baylanisli en` za`ru`r ta`repi, qarim-qatnas ushin za`ru`r bolg`an kommunikativlik ko`nlikpelerdin` maqseti, mazmuni ha`m formalarin aniqlastiriw bolip tabiladi.

O`zimizge belgili, joqari bilimlendiriw mekemelerinde bolajaq oqitiwshi – talabalarg`a jeterli da`rejede teoriyaliq bilimler beredi. Biraq usi bilimler birinshiden, sistemani sho`lkemlestiriwshi a`meliyat penen baylanisli emes. Teoriya ha`m a`meliyat arasinda elede sol keskin parq ko`zge taslanadi. Na`tiyje bolsa ku`ttirip turmaydi: bolajaq oqitiwshilar ushin za`ru`r kommunikativlik ko`nlikpelerdin` boliwi to`men bolmaqta. Bunday jag`dayda bolajaq oqitiwshilardin` pedagogikaliq sheberligi haqqinda aytiwimiz qiyin, a`lbette.

Oqiw-ta`rbiyaliq protsesske jan`a pedagogikaliq texnologiyalardi en` jaydiriw, pedagog-oqitiwshilarda, a`sirese, bolajaq oqitiwshilarda kommunikativlik ko`nlikpelerdi sapali alip bariwda bilim aliwdin` na`tiyjeli usillarin sabaq barisina do`retiwshilik penen qollaniwdin` to`men ekenligi, unamsiz ta`sir ko`rsetpekte.

Jol qoyilg`an kemshiliklerdi tezde saplastiriw ushin oqiw-ta`rbiyaliq protsessti basqariwdin` belgilengen jan`a sistemasin tez arada bilim beriw a`meliyatina en` jayiw, pedagogikaliq quramdi jetilistiriw kerek boladi. Ta`jiriybeli basqariw ushin bolsa ilimiy tiykarlang`an ha`m metodikaliq sinawdan o`tken jan`a intensiv pedagogikaliq texnologiyalar za`ru`r.

Magistrant M.Jumanov izertlew jumisinda usi kemshiliklerdin` aldin aliw haqqinda ayriqsha toxtab o`tedi.

M.J7man9v58n: «J91a48 p3dag9g8kal81 b8l8ml3nd8482 s8s53mas8nda b9laja1 918582sh8la4d8n: k9mm7n8ka58vl8k k9:nl8kp3l348n 1a:l8pl3s58482» a5l8 d8ss345a5s86as8 7s8 ma:s3l3g3 1a4a58lg:an j7m8s b9l8p, p7x5a 8zsh8l 5a:458p53 ash8p b348lg3n. J7m8s 59l81 j72ma1lang:an, mag8s54l81 da:43j3s8n al82 7sh8n 1968lg:an 5alapla4g:a j72ap b343d8, 194g:a2g:a b9lad8 d3p 3sapla6man.

Pikir beriwshi: p.i.k. R.Alewova

A`jiniyaz atindag`i No`kis Ma`mleketlik pedagogikaliq instituti Magistratura bo`lim «Pedagogika» qa`nigeliginin` magistranti Jumanov Medettin` «**Joqari pedagogikaliq bilimlendiriw sistemasinda bolajaq oqitiwshilardin` kommunikativlik ko`nlikpelerin qa`liplestiriw**» temasinda jazg`an magistrliq dissertatsiyasina

***P I K I R***

Bolajaq oqitiwshilarda kommunikativlik ko`nlikpeler ha`m pedagogikaliq sheberlikti qa`liplestiriw mashqalasi biz ushin o`zine ta`n sistemali mashqala bolip esaplanadi. Biraqta ol pedagogikaliq sistema eken, demek barliq kommunikativlik ko`nlikpeler birlikte kompleksli tu`sindiriledi.

Insannin` insan menen baylanisi – kommunikatsiyasi ha`miyshe sebep-aqibet shinjirina tiykarlang`an boladi. Kommunikativlik baylanis o`z shaxsiyatin ko`rsete aliw, abiroyin an`lap aliw menen baylanisli talaplarg`a, sonday-aq, komunnal, miynet ha`m ka`sip-o`ner talaplarina, do`retiwshi ha`mde puqaraliq qa`diriyatlarina, biologiyaliq-ruwxiy za`ru`rliklerge tiykarlang`an sotsialliq za`ru`rliklerden kelip shig`adi.

Sol menen birge, ha`r bir adam biologiyaliq ha`m ag`artiwshiliq-ta`rbiyaliq ko`z-qarasinan da uliwma, yag`niy ha`mme ushin ta`n o`zgesheliklerge, ha`m individual-kommunikativlik minez-qulqqa iye.

Bolajaq oqitiwshilardin` kommunikativlik xizmeti barliq waqitta ha`zirgi zaman ta`limi talaplarina bag`darlang`an boliwi lazim. Bolajaq oqitiwshi klassqa kirip, sabaq, en` da`slep qarim-qatnas ekenligin umitpawi kerek. Sonnan son` onin` oqitiw, ta`rbiya qiliw barisindag`i maqseti, waziypalari, o`tip atirg`an sabaqtin` forma hamde elementleri kelip shig`adi. Mine usilar arqali g`ana onin` pedagogikaliq sheberligi, joqari qa`niygeli qa`niyge-oqitiwshi boliwg`a tayarlig`i haqqinda aytiw mu`mkin.

Magistrant Jumanov Medet o`z dissertatsiyasinda bolajaq mug`allimler (oqitiwshilar) ushin ta`lim-ta`rbiya protsesslerin sho`lkemlestiriw, kommunikativlik ko`nlikpelerin ha`mde olardan shig`atug`in pedagogikaliq

sheberlikti iyelew, pedagogikaliq sheberliktin` ta`replerin u`zliksiz ha`m effektiv tu`rde islep shig`iw waziypalarin sheshiw, na`tiyjede kommunikativlik ko`nlikpelerdi qa`liplestiriw ha`mde jetilistiriw haqqinda so`z etedi. Dissertatsiya II bap, 6 paragraf, juwmaq ha`m paydalanilg`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

Jumis toliq juwmaqlang`an, magistrliq da`rejesin aliw ushin qoyilg`an talaplarg`a juwap beredi, qorg`awg`a boladi dep esaplayman.

QMU «Pedagogika ha`m psixologiya»
kafedrasi dotsenti: P.Abdimuratov

A`jiniyaz atindag`i No`kis Ma`mleketlik pedagogikaliq instituti Magistratura bo`lim «Pedagogika» qa`nigeliginin` magistranti Jumanov Medettin` «**Joqari pedagogikaliq bilimlendiriw sistemasinda bolajaq oqitiwshilardin` kommunikativlik ko`nlikpelerin qa`liplestiriw**» temasinda jazg`an magistrliq dissertatsiyasina ilimiy basshisinin` juwmaqlawshi

**P I K I R I**

Pedagogtin` kommunikativlik qiyinshilig`i da`slep, o`zi menen oqiwshi arasinda ha`r qiyli psixologiyaliq ha`m pedagogikaliq mashqalalar ju`zege keliwi aqibetinde kelip shig`atug`in nerv buziliwi jag`daylari, quramali jag`daylar menen baylanisli. O`zinin` pedagogikaliq ta`jriybesinde za`ru`r kommunikativlik ko`nlikpelerge iye oqitiwshi bunday qiyinshiliqlarg`a tek g`ana qa`nige retinde, sonday-aq ruwxiy jaqtan da tayar boladi, so`ylesiwde, o`z-ara qatnasinda anaw yamasa minaw kommunikativlik usildan paydalanadi. Oqitiwshi bul quramali jag`dayda, qiyinshiliqtan sheberlik penen shig`ip kete almaydi, kerisinshe, elip shiqqan jag`daydi ja`nede qiyinlastiradi, demek, go`zlengen pedagogikaliq na`tiyjege erise almaydi.

Joqari pedagogikaliq ta`lim sistemasinda bolajaq oqitiwshilar kommunikativlik tayarliqti u`zliksiz atqariwdi jetilistiriw – izertlewimizdin` maqseti bolip tabiladi.

Bul isenimli tu`rde pikirlewimizshe, uliwma pedagogikaliq iskerlik ha`m pedagogikaliq sheberlik ushin ju`da` a`hmiyetli bolip esaplanadi.

To`mendegidey jag`daylarda ushirasip turadi: student pedagogika teoriyasin jaqsi biledi, biraq oqiwshilar menen duris so`ylese almaydi. En` a`hmiyetlisi pedagogikaliq so`ylesiwi, o`z-ara qatnasi, pu`tkil pedagogikaliq iskerliktin` ajiralmas bo`legi ekenligin tu`sinbeydi. Pedagogikaliq sheberlik sonda, ha`r qiyli oqiw-pedagogikaliq jag`daylarda, ha`r qiyli kommunikativlik jag`daylarda ha`r qiyli pedagogikaliq–kommunikativlik waziypalar sheshiledi.

Kommunikativlik waziypalar bolajaq oqitiwshida o`zinin` so`ylew maqsetin duris, aniq belgilew, so`ylesiwdin` maqseti ha`m na`tiyjesine itibar qaratiw,

pedagogikaliq ta`sir ko`rsetiwdin` effektivligin duris bahalaw, olardi ja`miyettegi o`zgerisler menen salistiriw mu`mkinshiligin beredi. Kommunikativlik ko`nlikpenin` usi komponenti studentlerdin` bir-birin o`z-ara tekseriw usili menen sinap ko`riledi.

Magistrant Jumanov Medettin` **«Joqari pedagogikaliq bilimlendiriw sistemasinda bolajaq oqitiwshilardin` kommunikativlik ko`nlikpelerin qa`liplestiriw»** temasi boyinsha jazg`an jumisinda ko`plegen a`debiyatlardan paydalang`an ha`m o`z pikirlerin ashiq ayta alg`an. Dissertatsiya jumisi aniq, tu`sinikli ha`m a`piwayi tilde jazilg`an.

Dissertatsiya II bap, 6 paragraf, juwmaq ha`m paydalanilg`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

Magistrant Jumanov Medet магистрлик диссертациясын 5з бетинше жаз2ан, жumis toliq juwmaqlang`an, magistrliq da`rejesin aliw ushin qoyilg`an talaplarg`a juwap beredi, qorg`awg`a boladi dep esaplayman.

Ilimiy basshi: p.i.k., dots. R.Nurjanova